ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№14 (23.828) ● 2019 гъэм мазаем (февралым) и 7, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Урысей щІэныгъэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Къбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Мазаем и 8-м къэралым и щІэныгъэлІхэм ягъэлъапІэ езыхэм я махуэшхуэр - Урысей щІэныгъэм и махуэр! Къбэрдей-Балъкъэрыр сыт щыгъуи ирогушхуэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ и Іэщ1агъэлІхэу, щІэныгъэшхуэрэ егугъныгъэрэ зыхэлъ цІыхуу республикэм и гъащІэм и Іэнатіэ псоми зегъэужьыным сыт щыгъуи къаруушхуэ езыхьэлІхэм. Зэи хуэмыдэжу, мы зэманым дэ дахуэнкъуэщ акъылкІэ лажьэхэм, щІэныгъэм и иджырей екъулІэныгъэхэм, щІэныгъэр зи лъабжьэ технологиехэм, сыту жылІэмэ ахэрщ зыужьыныгъэмрэ къэщІэрэщІэжьныгъэмрэ къызэзыгъэпэщхэр. Фэ фи лэжьэкІэ жыджэрым нобэ куэдкІэ елъытащ республикэм и щІэныгъэ, технологие зэфІэкІхэр къэІэтыныр, фейдэшхуэ къэзыт инновацэр зэтегъэуэвыр, апхуэдэу щыщыткІэ - экономикэм ІэщІагъэ зегъэужьыныр, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр.

Фи творческэ зэфІэкІыр, лэжьыгъэр дыщалъхуа Къбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум зегъэужьыным адэкІи хуэунэтІуэу зэрыщытынум шэч къытесхьэркъым. Фи махуэшхуэмкІэ сынывохъуэхъу, узыншагъэ быдэ, ехьулІэныгъэ, фІыгъуэ фи!эну, зэфІэкІыщІэкэмрэ Іуэхущ1эхэмрэ къывэхъулІэну си гуапэщ.

Урысейм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр Топилин Максимрэ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ Налшык щызэхуэсащ

Мазаем и 5-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ Налшык щызэхуэзащ УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр Топилин Максимрэ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ.

АХЭР тепсэлъыхьащ демографием, бюджет Іэнатіэ пэрытхэм я лэжьапщІэм, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ къызэрызэрагъэпэщым екъэпІа Іуэхухэм. Гулъытэ хэха хуащІащ зи узыншагъэм сэкъат и!эхэр гъащІэм хэгъэзэгъэжьным.

Нэхъ апэкІэ Топилин М. А., КІуэкІуэ К. В. сымэ епльащ социальнэ Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхущ1апІэхэм - Шэджэм районым щыщ Яныкъуей къуажэм дэт республикэ психоневрологие интернатымрэ «Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм медико-социальнэ экспертизэмкІэ и бюро нэхъыщхьэ» кІэзонэ Іуэхущ1апІэмрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Москва щызэІущІащ УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министр Васильевэ Ольгэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ

Дыгъуасэ Москва лжэныгъэ Іуэхукіэ щызэхуэзащ УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министр Васильевэ Ольгэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым «Урысей Федерацэм 2024 гъэ пщІондэ зэрызиужьыну щІыкІэм теухуауэ зыхуэпІэхэмрэ къалэн нэхъыщхьэхэмрэ я Іуэхукіэ» накъыгъэм къыдигъэкІа указыщІэм щыубзыхуахэр гъэзэщІэным ипкъ иткІэ цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтын Іэнатіэм республикэм зэрызыщиужьыну, «Ёгъэджэнэгъэ» лъэпкъ проектым щІыналъэр 2019 гъэм зэрыхэтыну щІыкІэхэм ятеухуа Іуэхухэм.

Гулъытэ хэха хуащІащ республикэм Іэщ1агъэ щрагъэгъуэт и Іуэхущ1апІэхэм я материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным, ар къэгъэщІэрэщІэжьным, апхуэдэуи къуажэхэм дэт курыт еджапІэхэр иджырей зэманым къызэригъэувам тету зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщыным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.



«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2019 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Іэ тедзэгъуэр нухащ, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу абы фыкъыкІэрыхуамэ, ар вгъэзэкІуэжьфынущ. Апхуэдэу, «Адыгэ псалъэ» газетыр дызыхуэкІуэ гъатхэпэм къыщыщІэдзауэ ныфхуахьынущ, мы мазэм и 25 щІондэ абы пощтхэм Іэ щыщІэвдзэмэ,

МазиплІм ди газетым и уасэр сом 408-рэ кІэпІейкІэ 52-рэщ.

Ди индексыр 51531

Ныбжьыщ1эхэм папщІэ

Налшык дэт унэ зэтетхэм я бжэІупэхэр гъэдэхэным я зэфІэкІ халъхьэнущ КъБКъУ-м архитектурэмкІэ, ухуэныгъэхэмкІэ и институтым щеджэ студентхэм.

АПХУЭДЭ жэрдэмыр къыхэзыльхьа, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз и нэІэм щІэту еджакІуэхэм ягъэльэгъуэну дизайн-проектхэм я нэхъыфІхэр къыхахынущ. Унафэщ1ым къызэрилъытамкІэ, а Іуэхум студентхэм дерс къыхахынущ, я Іэдакъэщ1экІэхэр утыку ирахьэнымкІи сабэпышхуэ хъунущ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызэыубыд лжэныгъэхэр къыщагъэсэбэпынущ «Къалэхэм иджырей теплъэ етын» къэрал программэм. «Дэ къэтплъхьэн хуейщ зэманым декІу Іуэху щІэкІэ. Ар къызыбгъэдэкІын хуейри щІалэгъуалэрщ», - жиІащ Таймураз. Зэпеуэм щытекІуэхэм ахъшэ саугъэтхэр иратынущ. КъищынэмыщІауэ, зэчий зыбгъэдэлъ студентхэм лжэныгъэ яІэнымкІэ къалэ администрацэр ядэІэпыкъунущ. Архитектор ныбжьыщ1эхэм Іэмал ягъуэтынущ Налшык щекІуэкІ къалэуэуэ Іуэхухэм къыдэкІуэу жылагъуэ Іуэхухэм я псалъэ хальхьэну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 7, *махуэку*

♦Тэтэрстан Республикэм и Гербым и махуэщ

♦Гренадэм и Іуэпкъ мафІэ махуэщ1эщ - щхьэжуит зэрыхуар (1974 гъэм) егъэлъапІэ

♦1795 гъэм Хаджибей къуэхь тедзапІэм и цІэр Одессэ зэрахъуэкІащ.

♦1855 гъэм Курилхэмрэ Сахалинрэ зэхуэгъэзэшыным теуха урыс-япон зэгурыІуэныгъэм Іэ тралзащ.

♦1893 гъэм США-м щыщ инженер Кфай Алан мафІэсыр зэрагъэунІкІыфІ Іэмэпсымэ къызэригупсысам щыхьэт техьуэ дэфтэр иратащ.

♦1981 гъэм Ленинград деж къыщ1ехуэхащ Ту-104 къуэхьлъатэр. Абы исащ СССР-м и хы Хуэм флотым и унафэщІ псори. ХэкІуэда щІыху 52-м щыщу 16-р адмиралрэ генералрэт, апэ рангым и капитанхэр тІощым нэбгырабэрт. Къуаралым и дежкІэ ар икъуакІэ хэщІыныгъэшхуэт - тенджьызым къулыкъу щызыщІэ апхуэдиз дэз унафэщІ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм хэкІуэдэтэкъым.

♦1998 гъэм Наганэ къалэм (Японие) къыщызэІуахащ XVIII ЩІымахуэ Олимпэ Джэгухэр. Абы щыгъуэщ Олимп Джэгухэм сноубордымкІэ зэпеуэхэри щыхагъэхьащ. Олимпиадэр мазаем и 22 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1999 гъэм Иорданием и пащтыхь хъуащ Абдаллэ ЕтІуанэр.

♦2014 гъэм Сочэ къалэм (Урысей Федерацэ) къыщызэІуахащ XXII ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Ди къэралым нэхьапэм ЩІымахуэ Олимпиадэр зи щекІуэкІатэкъым. Джэгухэр мазаем и 23-м зэхуащІыжащ.

♦КъБР-м и цІыхубз, РСФСР-м щІыхь зиІэ я артист, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я макъамэ гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрызыщІа **Ашуров Танахум** къызэральхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Совет авиаконструктор, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Антонов Олег** къызэральхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любовь** къыщ1ахуа мазаем и 10-м.

♦Урысей уэрэджы!акІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Цой Анитэ** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусы 9 - 11, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Мазаем и 8, *мэрем*

♦Урысей щІэныгъэм и махуэщ. 1724 гъэм Пётр Езанэм Іэ щІидзащ Петербург ЩІэныгъэхэмкІэ и академиер къызэгъэпэщыным теухуа унафэм. Иджыпсту ар РАН-рщ.

♦Урысейм и дзэ топографым и махуэщ

♦Словением щагъэлапІэ я щэнхабзэм и махуэр

♦Иракым и революцэм и махуэщ

♦1725 гъэм дунейм ехьажащ Урысейм и япэ император Пётр Езанэр.

♦1819 гъэм Санкт-Петербург университет къыщызэгъэпэщыным теухуа унафэр къащтащ.

♦1837 гъэм Петербург и Іэгъуэблагъэм деж Пушкин Александрэ Дантес (Геккерн) Жоржрэ щІакІуэкІапэ щызэдытеуващ. Абы щІигъуэта уІэгъэм Пушкиныр илІыкІащ щытащ мазаем и 10-м.

♦1838 гъэм Морзе Сэмюэл малъхъэдисыр къигъэсэбэпу зэпкърилъхьа телеграфым и лэжьэкІэм цІыхухэр щыгъуаз ищІауэ щытащ.

♦1905 гъэм Урысейм щІэпэу къызэІуахащ журналистхэр щрагъаджэ курсхэр. Ахъэр къызэрагъэпэщат профессор Владимиров Леонид.

♦1919 гъэм Урысейм къыщыдэкІащ зэманыр дунейпсо пщалъэм тету къэралым къыщыгъэльэгъуэным теухуа унафэр.

♦1943 гъэм Воронеж фронтым и дзэхэм Курск къалэр хуит къащІыжащ.

♦1984 гъэм Сараевэ къалэм (Югославие) къыщызэІуахащ XIV ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 19 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1992 гъэм Альбервиль (Франджы) къыщызэІуахащ XVI ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 23-м зэхуащІыжащ.

♦2002 гъэм Солт-Лейк-Сити къалэм (США) къыщызэІуахащ XIX ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр, мазаем и 24 пщІондэ екІуэкІахэр.

♦1994 гъэм «Газета Юга» газетым и япэ номерыр къыдэкІащ.

♦Урыс еджагъэшхуэ, химик цІэрыІуэ **Менделеев Дмитрий** къызэральхурэ илъэси 185-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ, бзэр зыджа щІэныгъэлІ **Успенский Лев** къызэральхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Болэ Мурат** къызэральхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Тихонов Вячеслав** къызэральхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Муравьевэ Ирина** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и и профессор **Щауэ Іэбубэчыр** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, Олимп чемпион, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Костомаров Роман** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек къыщыгъэлъагъуэ

● КъБР-м и Правительствэм

Гулъытэ зыхуащІыну Іуэхухэр

ЗЭІУЩІЭР теухуауэ щытащ «Демографиер» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзащІэну Іэмалхэмрэ «КИФЩІ-м хьыхь щІыналъэхэм щыпсэуэхэм 2024 гъэ пщІондэ я хэхъуэхэр егъэфІэкІуэным, хуэмыщІахэр нэхъ мащІэ щІыным тещІыхьауэ социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэгъэхъулІэн» Іуэхумрэ зэрелэжьыным.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Казбек** къыхигъэщащ къаІэта Іуэхухэм иужьрей илъэсхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр Къэбэрдей-Балъкъэрми Кавказ Ищхъэрэм и адрей щІыналъэхэми я дежкІэ.

- Къыхэгъэщыпхьэщ УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэм тегъэщІапІэ зэрищІар социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэр къэралым щызэфІэдгъэкІыныр. Мы зэманым ирихьэлІэу дгъэхьэзыращ лъэпкъ проектым хьыхь Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр икІи республикэ бюджетым къыщылтІытащ ахэр ягъэзэзщІэным текІуэдэнум щІыналъэм хилъхьэну мылъкур, - жиІащ КІуэкІуэм. - ЗэрыхуэдгъэфащэмкІэ, «Демографиер» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэным сом мелард 23-рэ текІуэдэнущ. Шэч хэмылъу, ди къэлэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ 2024 гъэ пщІондэ ди цІыхухэм я хэхъуэхэр едгъэфІэкІэныр, хуэмыщІахэр нэхъ мащІэ тщІыныр.

КІуэкІуэ Казбек УФ-м лэжьыгъэмрэ цІыхухэр социальнэ хъумэнымкІэ и министрым фІыщІэ хуищІащ, лъэпкъ проектхэр щагъэзэзщІэну щІыналъэхэм республикэр хэхуэнымкІэ щІэгъэкъуэн къазэрыхуэхъуам папщІэ. «Фыкъыдогъэгубз, мы Іуэхум ехьэлІауэ ди зэфІэкІ кьиуэ къэдмыгъэнэну. Пом хуэмыдэу гупльитэ хуэтщын хуейщ цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ я улахуэр хэгъэхъуэнымрэ. Абы и лъэныкъуэкІэ Іэнатіэщ1эхэр къызэІутын хуейщ. Апхуэдэуи должжь республикэм и экономикэм зыхузэфІэкІхэм я мылъку къыхедгъэлъхьэным. Си фІэщ мэхъу, ди къару зэхэлъу цІыхухэм я псэукІэр нэхъыфІ хъуныр зэрыязгъэдгъэхъулІэфынур», - дыщІиригъуащ КІуэкІуэм.

Топилин Максим тепсэлъыхьащ «Демографиер» лъэпкъ проектым и мыхьэнэмрэ абы хьыхьу ягъэзэзщІэну къапэщылъ цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ я улахуэр хэгъэхъуэнымрэ. Абы и лъэныкъуэкІэ Іэнатіэщ1эхэр къызэІутын хуейщ. Апхуэдэуи должжь республикэм и экономикэм зыхузэфІэкІхэм я мылъку къыхедгъэлъхьэным. Си фІэщ мэхъу, ди къару зэхэлъу цІыхухэм я псэукІэр нэхъыфІ хъуныр зэрызэдгъэхъулІэфынур», - дыщІиригъуащ КІуэкІуэм.

Топилин Максим тепсэлъыхьащ «Демографиер» лъэпкъ проектым и мыхьэнэмрэ абы хьыхьу ягъэзэзщІэну къапэщылъ цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ я улахуэр хэгъэхъуэнымрэ. Министрыр щхьэхуэ-щхьэхуэу къытеуІуэщ проектым и унэтІныныгъитхуми. Япэр хуэгъэзащ сабий къышщалъхуКІэ унагъуэхэм ахъшэкІэ зэрызыщІагъакъуэм, етІуанэр теухуащ нэхъыхьэхэм зэрадэІэпыкъунум («Старшее поколение» фІэщыгъэр иІэщ), ещанэр - цІыхухэм гъащІэ узыншэ ирахьэхьыным дезыгъэхьэх лэжьыгъэ убзыхуным, еплІанэр - цІыхухэм я Іэпкъльэпкъыр япсыхьыным гулъытэ хуащІынраш, етхуанэ Іэмалым къызэригъэпэщын хуейщ сабий зыпІ цІыхубзхэр лэжьэфыныр. Министрым къыхигъэщащ иужьрей илъэситІыр къапщтэмэ, сабий къалъхуэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъууэ зэрыхуежьами гулъытэ хуэщІын зэрыхуейр.

БАГЪЭТЫР Луизэ

Грантхэр зратынухэр къыхах

● Гу зылъытапхъэ

Президент грантхэмкІэ фондым 2019 гъэм и япэ конкурсым хэтынухэм я заявкэхэр къыІахьу щІадзащ мазаем и 1-м. Документхэр электрон теплъэ ящІэу ягъэхьэзырри, Президентские гранты.РФ сайтым ираІахьэ. Абы и фІыщІэкІэ мы зэпеуэм тыншу хыхьэфынущ фейдэ къэлэжьыным пымыщІа организацэу щыпІэ нэхъ пхыдза дыдэхэми щыІэхэр.

КОНКУРСЫМ я зэфІэкІыр щагъэльэгъуэну хуит ящІ фейдэ къэлэжьным пымыщІа организацэу 2018 гъэм гъатхэпэм и 15-м нэхъ мынэхъ кІасэу ятхауэ щытахэр. Апхуэдэу сом мин 500-м щІимыгъу грантхэм щІэбэнын организацэхэр 2018 гъэм фокІадэм и 15-м нэхъ мынэхъ кІасэу ятхауэ щытын хуейщ.

Зэпеуэм хэтыну зы проектым тещІыхьауэ ирагъэкІуэкІыну я мурад пэжыгъэхэр грантхэр щІат унэтІныныгъэ 13-м ящІыщ зым езэгъыу щытыпхъэщ, ауэ абы унэтІныныгъэ зыбжани къызэщІраГъуэбыдэ хъунущ.

Конкурсым унэтІныныгъэ зыбжанэкІэ хэтын папщІэ, проект зыбжанэ къыхэзылъхьэну зи мурадхэм къалъытэн хуейщ абыхэм я заявкэхэр процент 50 нэхъ нэхъыбэкІэ зэтехуэ зэрымихъунур. А хабзэр яхуэгъэзащ документхэм я раздел къыкІэлъыкІуэхэм: проектым ухэзыгъэгъуазэм, абы и мурадхэр зэпкърызыхьым, проектым и социальнэ мыхьэнэр кІэщІу къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэм, бюджетым. Тхыгъэхэр процент 50-м щІигъукІэ щызэтехуэ проектхэм экспертхэр хэплъэнукъым.

Конкурсым хагъэхьэркъым нэхъ апэкІэ кърата грантхэр къызэрагъэсэбэпа щыкІэм теухуауэ фондым отчет езымытыжа е иджыпсту унэтІныныгъэу 2-м теухуа грантхэм ирилажьэ организацэхэр.

Заявкэхэр гъатхэпэм и 15-м нэсыху къыІахьынущ. Абыхэм хэплъэнущ къэралым и щІыналъэхэм я нэхъыбэм щыщ эксперту 600-м щІигъу. Зэпеуэм къыкІуахэр мэкъуауэгъуэм и 1-м фІэмыкІыу хэлъщІыу хъунущ икІи къыхаха проектхэр ягъэзащІэу щІадзэнущ бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ.

Президент грантхэр къэхьынымкІэ 2019 гъэм екІуэкІыну 2-нэ конкурсым хэтыну проектхэр мэкъуауэгъуэм и 10-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 31-м нэсыхукІэ къыІахьынущ.

А конкурситІым кърикІуахэм апкъ иткІэ фейдэ къэлэжьным пымыщІа организацэу грантхэр зыхуагъэфэщ1ахэм трагуэшэнщ сом меларди 8-м нэс. Апхуэдэу 2020 гъэм екІуэкІыну япэ зэпеуэм хэтыну зи мурадхэм я заявкэхэр жэпэугъуэм и 14-м щегъэжьауэ щэкІуэгъуэм и 25-м нэсыхукІэ къыІахьынущ.

Президент грантхэмкІэ фондым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Налшык

Гъатхэр къэмыс щІыкІэ

Къалащхьэм и коммунальщикхэм я дежкІэ жыг хъуэхунщІыным и зэманщ.

ЛЕНИНЫМ и уэрамым тет бзиихэр гъэ кьэс кІэщІу яухъуэнщІ хабзэщ икІи ар нэхъыбэу зыхуэзэр бжьыхьэрт. Мы гъэм а Іуэхур мазаем нэса пэтми, махуэкэр уэфІщи, тыншу мэлажьэхэр. ІэщІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, гъатхэпэм гулъэж кьищІыным зыкІи зэран хуэхъурхъым жыгхэр ухъэнщІыныр, уеблэмэ кьудамэщІэкэр нэхъ узру, нэхъ баринэу кьыздэжьынущ.

Мы махуэ зэкІэлъыкІуэхэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр кьыщрахьэлІащ проспектым и «Горнэ», «Центр» щІыпІэхэм хуэзэу. Лэжьыгъэм адэкІи пащэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● ЩІэ

Урысейм и программэм Бахъсэни хохьэ

Иужьрей илъэсхэм Бахъсэн кьалэм и щІыналъэ администрацэм гулъытэшхуэ хуещІ куэнщыІ идзыпІэу щыта щыпІэхэр зэтес щІыжьым. Апхуэдэхэм ящыщ зыт Бахтъэн Назир и цІэр зезыхьэ уэрамым щыІэ куэнщыІ идзыпІэр. Гектари 5,5-рэ хъу а щІыпІэр хагъэхьащ УФ-м и программэм ипкъ иткІэ 2019 гъэм зэлэжьнухэм.

Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, а щІыпІэр зэтес кьищІыжу щІы тракІутэн икІи мэкъумэш къэкІыгъэкэр щагъэжьын, жыгхэр щыхасэн, зыгъэпсэхупІэхэр кьыщызэрагъэпэщын папщІэ къэзэгъэсэбэпынухэм иратыжынущ. Псори зэхэту абы текІуэдэнущ сом мелуан 40 хуэдиз.

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Жыхапхъэщ1эр фІыуэ мэпхъанкІэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Гъэм кърикIуахэр къапщытэж

КъБР-м и прокурор Жариков Олег иригъэкIуагъ 2018 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм зэпкърыхауэ щытепсэльыхьа, щыхуба хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр зрагъэблагъа пресс-конференц. Абы хэтащ республикэ прокуратурэм и къудамэхэм я унафэщIхэу Мэсей Аскэр, Къаскъуй Iэниуар, Чеченов Борис, Шурдым Анзор, Мизиев Магомед сымэ.

ЗэIущIэр къызэIуихри, республикэм и прокурор Жариков Олег къыхигъэщащ илъэс кIуам законностыр гъэбыдэным, щыхухэм я социальнэ хуитыныгъэхэр, къэралымрэ жылагъуэмрэ я сабэп зыхэлъхэр къызэгъэпэщыным, терроризмрэ экстремизмэмрэ, Iулъхьэ тын-къеIыхьным пэщIэтыным ехьэлIа Iэхэухэм гулыситэ хэха зэрыхуащIар. Яхуэзэкlаахэм я къызэрыпэлъагъуэщи, прокуратурэм и Iэнатlэхэр я пщэрылъхэм пэлъэщащ. Къапщтэмэ, улахуэмкIэ щыхуэ зытелъхэм сом мелуан 49-рэ ирагъэпшныжьащ икIи аухэшэр лэжьакIуэ 880-м яIэрыхьэжащ. Дисциплинарнэ жэуапым ирашэлIащ щыхуэхэр зыгъэлажьэхэм ящыщу 90, 74-р - административнэм. Уголовнэ Iэхуэу 2 къаIэтащ. Жариковым къызэрыхигъэщащи, улахуэхэмкIэ щыхуэр сом мелуан 26-рэ мин 610-рэ мэхъу, статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ. Ауэ илэжьинIэкIэ ар нэхъыбэщ. Iэхэуцlалlэу 9-м ятелъщ ягъэпщкIу щIыхуэу сом мелуан 15,5-м щIигъу.

Къагъэлъагъуащ гугъуехьхэр здэщыIэ, сом мелуан бжыгъэкIэ щIыхуэ зытелъхэр: Прохладнэ къалэм дэт «Кабельный завод Кавказкабель» ОАО-р (сом мелуан 24-м щIигъу), «Прохладненский хлебзавод» ОАО-р (сом мелуан 1,3-рэ), Iуащхьэмахуэ районым щыIэ «ТВМК» ГУП-р (сом мелуани 4,2-рэ), Дзэлыкъуэ районым щыIэ «Юг-Агро» ООО-р (сом мелуани 4,5-рэ), Майскэ ДСУ-2 ООО-р (сом мелуани 4,4-рэ), Май районым и «Домуправление» ООО-р (сом мелуан 1,5-рэ).

Илъэс кIуам федеральнэ хабзэр ямыгъэзащIэу прокурорхэм къыщIагъэщам и процент 11-р щыхуэм лэжьыгъэкIэ я хуитыныгъэхэм ехьэлIащ, бжыгъэкIэ кьапщтэмэ - 3130-рэ.

Нэгъабэ и кIэм ирихьэлIэу республикэм лэжьапIэншэу къыщалъытащ щIыху 6800-рэ. Иужьрей илъэсхэм хабзэхъумэхэм къыщIагъащ лэжьыгъэ, хэхъуэ зимыIэхэм ящыщ, къэрдым щIэпхъаджагъэ ящIауэ.

Республикэ прокурорым зэрыжиIащи, хьэрычэтыщIэ щIыкIумрэ курытымрэ я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я фейдэ зыхэлъхэмрэ хуэмэныр республикэ прокуратурэм нэхъыщхьэу и нэIэзытригъэтэхэм ящщ. ХьэрычэтыщIэ Iэхэум ехьэлIа хабзэхэу нэгъабэ и закъуэ ямыгъэззэщIауэ, къызэпаудауэ къыщIагъэщам и бжыгъэр 790-рэ мэхъу. Прокуратурэм хабзэр и тегъэщIапIэу къызэтригъэувыIащ кIэлъыплъакIуэ Iэхэуцlалlэхэм ирагъэкIуэкIыну ягугъа къэпщытэныгъэу зы миным щIигъу.

- Прокурорхэм, судхэм я унафэхэр зэрагъэзащIэми арэзы уищыркъым. Нэгъабэ прокурорхэм къыщIагъэщащ хабзэр 2300-рэ къызэпаудауэ. Ахэр нэхъыбэу ехьэлIащ улахуэр, къуэдыхэр, алиментхэр егъэпшыныным, сабий зеинщэхэм, адэ-анэм я нэIэ щIэмыту къэна сабийхэм псэуплI этыным теухуауэ судым къищта унафэр зэрамыгъэзащIэм. Гулъытэ хэха хуэтщIащ зеинщэхэм щыпсэун зэрыратым. Илъэс кIуам апхуэдизкIэ къэралым яритащ зыхуей хуэзэ фэтэр 97-рэ. Ауэ чэзум щытхэр иджыри куэдщ, ахэр зы миным щIегъу, - жиIащ Жариков Олег.

Прокурорхэм лэжьыгъэщхуэ зэфIэхащ щIэпхъаджагъэм пэщIэтыным теухуауэ. Абы и гугъу щищIым, Жариков Олег къыхигъэщащ щIэпхъаджагъэу ятхам (6620-рэ) тепщIыхьмэ, ахэр процент 1,6-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Процент 36,4-кIэ ехащ террор щIэпхъаджагъэхэр. Балигъ мыхъуахэм, ахэр хэту ялэжь щIэпхъаджагъэхэм хэщIащ процент 12,3-кIэ, щыхуэзысыпIэхэм щалэжьа щIэпхъаджагъэхэр процентри 3,7-кIэ нэхъ мащIэщ. Процент 4,2-кIэ нэхъыбэ хъуащ щIэпхъаджагъэр зылэжьауэ сэтей къащIыр икIи ар процент 71,3-м нэсащ.

- Процентри 4,4-кIэ хэхъуащ щIэпхъаджагъэ хьэпъэхэмрэ хьэпъэ дыдэхэмрэ. Ягъауэ, газ Iэщхэр къагъэсэбэну ялэжьакIэ процент 65,4-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ елъытауэ. Цlыхум и узыншагъэм зэранигъэ хьэпъэ ирату ялэжьхэм процент 55,8-кIэ хэхъуащ. Процент 43,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ цlыхум теуэн щIэпхъаджагъэр. Уголовнэ жэуапым хуэзышэу гъуэгум къыщыхьу насыпыншагъэхэми процент 29,5-кIэ хэхъуащ. Процентри 10-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ цlыху уIыным, укIын мурадкIэ теуэным теухуауэ сэтей къащIыр. Аращи, мы гъэм хэхауэ гулъытэ хуэтщIынущ а щIыщIэныгъэхэм. Экстремизмэм пэщIэтыным теухуа Iэхэури япэ игъэщIылъэу къонэж. Нэгъабэ экстремист щIэпхъаджагъэу сэтей къащIащ процент 66,7-кIэ нэхъыбэ, - кьыхигъэщащ республикэ прокурорым.

Коррупцэм зэрыпэщIэт лэжьыгъэм и гугъу щищIым, Жариков Олег жиIащ нэгъабэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэу процент 59,5-кIэ нэхъыбэ зэратхар. Iулъхьэ тын-къеIыхьным пэщIэту ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм кърикIуахэм фIыуэ хэхъуащ - 129-рэ (2017 гъэм - 56-рэ). Абыхэм ящыщу 81-р Iулъхьэ къеIыхьным щыпщIащ. Коррупцэм пэщIэтыныжмкIэ хабзэм къигъэувэхэр гъэззэщIэныр 770-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщащ прокурорхэм. Нэхъыбэу ахэр пыщIащ я хэхъуэм теухуа декларацэу къапщытахэм.

Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм я нэIэ зэрыстетыр бжыгъэхэмкIэ къагъэлъэгуащ: прокурорхэм учётым щызэфIагъэувэжащ щIэпхъаджагъэ 423-рэ, щыгъуэзэу, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу къамылъытауэ. Уголовнэ Iэхэу къэIэтыным теухуа хабзэм къемызэгъэщу къащта унафи 167-м (процентри 3,7-кIэ нэхъыбэ) къару имыIэу къалъытащ.

ЗэIущIэр купщIафIэу екIуэкIащ. КъБР-м и прокурорым, прокуратурэм и къудамэхэм я унафэщIхэм щыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэм я упщIэ куэдым, абы хъарычэтыщIэ, щIы, субсидие Iэхэум теухуахэри хьихьу, жэуап зэпкърыха ираташ. Жариков Олег къыхигъэщащ щыщIэупщIахэм ящыщу прокурор къэпщытэныгъэ хуэныкъуэхэр абыхэм елэжь я къудамэхэм зэрыIэрагъэхьэнр, абы кърикIуахэри СМИ IэмалхэмкIэ хэIущIыну зэращIынр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● «Адыгэ псалъэ» газетым и япэ номерыр къызэрыдэкIрэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Нобэми тщыгъупщэркъым

Нартан (Къылышбийхьэблэ) къуажэм щIыху щIэджащэу куэд къыдэкIащ. Абыхэм дэ дрогушхуэ, тхыгъэ щхьэхуэ зыхуэмыфащи яхэткъым. Дэтхэнэ зы жылэм и дежкIи щIыхьышхуэкъэ ПащIэ Бэчмырзэрэ ТIыхъужь Алийрэ хуэдэ къыдэкIыну?! Апхуэдэ нэхъыжьхэм ядэпIыейуэрэ, къыдэкIуэтей щIэблэр къэралыр зэрыгушхуэ мэхъу. Апхуэдэ щапхъэ дахэхэм къыщIэтэджащ зи гугъу фхуэтщIыну Бекъан Чыланий Машэ и къуэр.

ЖУРНАЛИСТ гъэззэджэу щыта, гу щабэ, псэ хьэлэл зиIа, цIыкIуми инми, жьыми щIэми екIуу къадэгъуэгурыкIуа - апхуэдэ псалъэ гуапэ куэд хуэфащэщ а нэхъыжьыфIым. Бекъаныи и сабиигъуэр тыншакъым, и къэжэпхъыгъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдэри, и ныбжьым ит адрейхэми хуэдэу, хьэлъэ куэд къытещIащ. Ар ящыщщ Налшык къалэм фашистхэм я танкэр къыдамыгъэхьэн щхьэкIэ Щхьэлыкъуэ псым къыщыщIэдзауэ Налшыкыпс нэсу кIэнауэ къэзытIасхэм. IущIэ цIыкIум и жьыдэжаргъым колхоз унафэщIым гу лъетэ икIи унафэ къыхуещI 10-нэ бригадэм учётчикиу кIуэну. Апхуэдизыри зыхимыщIыкI лэжьыгъэм пасэу пэрыувэн хуей мэхъу Чыланий.

- А зэманыр сигу къэкIыжмэ, си щхьэфэщым зеIэт, - жиIэжу щытащ Бекъаныи. - Пшапэр зэхэуэтэ, мэз лъапэм дыщыплъырыну дыкIуэн, пщэдджьыжьым щыхухэр зэщIэдгъэуIуэу Iэнатlэхэм едгъэувэлIэн, махуэ къэс трудоденку кърахьэлIэнур зыхуэдизыр яжетIэн хуейт. Ар зэрымыIэтыгъуафIэр пщIэуэ, апхуэдэ хьэлъэ ятеплъхьэнкIи къалэн тынштэкъым.

Зауэ нэужьри нэхъ тыншакъым. Нэмыцэ фашистхэм зэтрах ытахэр зэфIэзыгъэувэжахэм яхэтащ Чыланий. Абы къищынэмысщIауэ, щIэблэр езыгъэджэн ямыIэжу, ирагъэджэн хуейхэри школхэм екIуэлIэну апхуэдэ Iэмал ямыIэу щытащ а зэманыр. ЕпщIанэ класт къэзыухахэр зыпэрыт Iэнатlэхэм къыIуашурэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым щIагъэтIысхьэрт. Бекъаныр абыхэм яхэхуащ. ИлъэситхкIэ ирагъэщIэн хуеяхэр илъэситIым хэкъуэзауэ ирагъэджри, Чыланий зыхэса гупым 1948 гъэм ар кьаух. Бекъаныр фIы дыдэу еджати, Совет районым щыIэ Аушыджэр къуажэм лэжьакIуэ ягъакIуэ. Абы дэт школым а зэманым зы егъэджакIуи щыIэтхьэм и IущIагъэм хуеджауэ икIи гурыIуэгъуэщ Бекъаныр жэуаплныгъэшхуэ и пщэ къыззырыдэхуар. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ дахэ-дахэу зрамыгъэджахэм ахэр тэмэму ебгъэщIэжыныр мытыншми, Чыланий хьэлэлу, и кьару емыблэжу пэрытащ а Iэнатlэм.

Нартан дэт курыт еджанIэм игъэзэжа нэужь Бекъаныи и зэфIэкIыми нэхъри хигъахьуэу щIидзащ икIи щапхъэу къахьхэм ящыщ хъуащ. Ар щытащ егъэджакIуэхэм я комсомол зэгухьэныгъэм и секретару, еджакIуэхэм я комсомол организацэми и нэIэ тетащ. ЩIэблэр егъэджэным къыдэкIуэу, абыхэм гъэсэныгъэ дахэ яхэтхьэными егупчэт Бекъаныр. 1955 - 1957 гъэхэм ар яхэтащ Акмолинскэ областым кIуауэ щыта щIалэгъуалэ гупым, къэралым илъэс кIуэдкIэ къимыгъэсэбэпа щыхэр гъавэ щIалэ щIэщIахэм. Ящэ илъэсым Чыланийрэ нэгъуэщI егъэджакIуипIлъэр ВЛКСМ-м и ЦК-м и дамыгъэхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфащауэ щытащ.

Бекъаным Нартан курыт школым къыщигъэсауэ зэманыр игу къегъэкIыж абы щыгъуэ 8-нэ классым щIэса, иужькIэ ди республикэм цIэрыIуэ щыхъуа журналист Мэрем Задин: «Дэ нэхърэ куэдкIэ мынэхъыжьу, и цIхьэцIыр вындым хуэдэу фIыщIэрэ Iуву, дахэу дэжьеяуэ щIалэ нащхьуэ мыцIыкIу-мыин егъэджакIуэу къытхуагъэкIуат. ЩыпсалъэкIэ и макъым зримыгъэIэту, жиIэм купщIэ хэлъу, гум дыхьэу, екIуу хуэпауэ, сытым деж и нэгур зэгъэшIухарэ нэщхьыфIэу апхуэдэт ар. Си мызакъуэу, школым щIэс псоми заншIэу гу лъатащ абы и Iущагъым, и дерсхэр Iэзэу, гурыIуэгъуэу зэритым. Псом хуэмыдэжу Бекъаныр ПащIэ Бэчмырзэрэ Щоджэнщыкlу Алийрэ щатепсэлъыхькIэ, и усэхэм къыщеджэкIэ еджакIуэхэр я тхьэкIумэ тегъэхуауэ едаIуэт. Чыланий егъэджакIуэ къудейтэкъым, атIэ абы и статьяхэр, очеркхэр, фельетонхэр «Къэбэрдей пэж» (иджы «Адыгэ псалъэ»), «Советская молодежь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ» журналым щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт».

Бекъаныр журналистикэм щыхьхьа зэманыр сэри фIыуэ соцIэж. ЯпэщIыкIэ штатым хэмыт корреспонденту, иужькIэ корреспонденту ящтэри, «Къэбэрдей пэж» газетым лэжьэн щыщIидзауэ щытащ. Куэд дамыкIыу, Чыланий газетым и Iэнатlэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ зым - мэкъумэшымкIэ къудамэм и унафэщIу ягъэув. Абы и тегъэщIу, очерк купщIафIэхэр, мэкъумэшыщIэхэм, жэмышхэм, Іащхьэхуэхэм, бригадирхэм, пщафIэхэм ятеуухахэр щIэх-щIэхыурэ газетым къытехуэрт.

Чыланий езэш жьхуэпIэр ищIэрт-тэхъым, гъэмахуэ хъуамэ, колхозхэтхэм ящыIэту губгъуэм ятт, мазхуэр уэлбанэмэ, дыгъэ жьэражьэр уэгум итми емыльытауэ. Къущхьэхъу куэдрэ кIэуэр, Іащхьэхуэм я лэжьэкIэр, я псэукIэр зригъэщIэну. Ахэр зыхуэзнэкъыхуэхэр къигъэльагъуэрт, ар зи къалэнхэм икIащIыпIэкIэ а Іэхум унафэ тращIыхьырт - апхуэдэ щIыкIэкIи лэжьакIуэ къызэрыгуэкIхэм ядэIэпыкъурт.

Чыланий газетым и редколлегием илъэс куэдкIэ хэтащ, тхыгъэхэр егъэфIэкIуэным, журналист ныбжьащIэхэр я Іащагъэм хуэгъэзэным и гущIэ хилъхьэу. Илъэс 50-м нэскIэ Бекъаныр Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ. И лэжьыгъэфIхэм къапкIуэу абы къыхуагъэфащащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, медаль зыбжанэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я ЩIыхь тхылъхэр, «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Лъэпкъ журналистикэм хьэлэлу илъэс куэдкIэ хуэлэжьа нэхъыжьыфIыр 2016 гъэм мэкъуаугъэуэм и 18-м дунейм ехыжащ. ЦIыху гуапэу дунейм тета, лъэужь дахэ къэзыгъэна Бекъан Чыланий ящыгъупщыркъым ар зыхэта гупми къыщалъхуа и къуажэмэ.

ПЩЫБИЙ Сулътlан,
УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.

Бекъан Чыланий

● Ди сурэт гъэIылъыгъэхэр

Адыгэхэм, балъкъэрхэм я музыкэ щэнхабзэм зегъэужьыным куэд хилъхьащ композитор Шейблер Трувор (1900 - 1960 гъэ.) Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс 26-кIэ щылэжьащ.
Сурэтыр **Колесников Иван** *трихащ. 1958 гъэ*



● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

ДыщэкI Эртан аргуэру хахыж

Тхьэмахуэ кIуам Бремен къалэм (Германие) щекIуэкIащ Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм и зи чэзу зэхьыхьэшхуэр. Абы хэтащ федерацэм и Хасэ кьудамэ 10-м я унафэщIхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

ХАСЭХЭМ кьабгъэдэкI лIыкIуэ 20-м нэмыщI, щIыхуи 100-м щIигъу щызэхуэса зэIущIэм ЩэнхабзэфедерацэмкIэ и тхьэмадэ **ДыщэкI Эртан** щытепсэлъыхьащ илъэситIым къриубыдэу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм, нэмыщIэхэм яхэс адыгэхэм я гугъуехьхэм, хэхэсхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ хъума зэрыхъуну щыкIэм.

Тхьэмадэм Хасэм хэтхэр къыхуриджащ дяпэкIэ нэхъ жыдэжру зэдзэлажьэну, Германием и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ Хасэ псори федерацэм къыхыхьэну, федерацэм и Іуэхущ1аIэ щхьэхуэ бэджэнду кьащтэу сабийхэр бзэм хуеГъэджэныр, кьафэм хуегъэсэныр къызэрагъэпэщыну. КъыщынэмысщIауэ, Эртан дыщIигъащ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу зызрапщытпхъэу къыIыпытэхэр: Германием и зы университетым адыгэм и тхыдэр щаджу зэтеублэнэр, апхуэдэуи зи хэку зрагъэбгынэу дуней псом щIыхьха хъуа адыгэ лъэпкъым и зы фэеплъ а къэралым щагъэувынэр, абыкIэ дэIэпыкъуэгу къахуэхъунущ Тыркум щыIэ музейр.

Зэхыхьэшхуэр нэхъыщхьэу щIызэхашар Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм и тхьэмадэр хэхын хуейуэ арати, кIыкIэлъыкIуэ илъэситIми а къэралым пщэрыпъ щащIыжащ ДыщэкI Эртан. Къызэхуэсахэм Эртан фIыщIэ хуащIащ иджыри къэс лэжьыгъэ купщIафIэ куэд зэрызэфIихам папщIэ икIи кьыхахъэщащ европэ федерацэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм дэлажьэ зэрыхъуамкIэ абы фIыщIэ зэрыхуэфащэр, езы Эртан ДАХ-м и вице-президент зэращIар абы зэрищыкьэтыр икIи дяпэкIэ а зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ хъуным телэжьэну зэрыщыгугъыр жаIащ.

Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэрызэпыщIам, нобэ ахэр интернеткIэ зэрызэрыщIэм и щыхьэтщ, зэхуэсым кьелIэхэм я жэрдэмкIэ, Лашынкьей щыщ адыгэ унагъуэм ахъшэ зэрыхуэзэхуэхьэсар. Унагъуэм я унэр мафIэм зэрисар Инстаграмым кьралъхьат, дэIэпыкъуэгъу хъуну щыхухэр кьыхураджэу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм адыгэ щэнхабзэм и махуэкIэр гъэ къэс кьалэ зэмыщIыхьэм кьыщызэрагъэпэщ. Абы щыIэхуос Австрие, Швейцарие, Бельгие, Финляндие, Франджы, Голландие европэ къэралхэм, нэгъуэщI щыпIэхэм къикI адыгэхэр. Нэгъабэ фестивалыр Бремен Хасэм иригъэкIуэкIащ, мы гъэм чэзыр Берлин Хасэм къыпытысащ, ар гъатхэпэм екIуэкIынущ.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

Дол Маринэ и щапхъэ

Налшык къалэ дэт поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэ Дол Маринэ и гъащIэр тыхьхуищIащ цIыхум и узыншагъэр хъумэным. Зыпэрыт Iэнатlэм щIиж жэуаплныгъэр нэху зыхищIэрэ адэкIи зэрыриГъэфIэкIуэным хущIэхуэу ирехьэкI абы и лэжьыгъэр. И Іуэху бгъэдыхьэкIэм щыгъуазэ уху-хъуамэ, гу лъымытэнкIэ Іэмал иIэхьым а бзыльхъугъэм и Іэщагъэр дгъэIыуэ зэрилъагъум. Дэнэ а лъагъуныгъэр къыщежьэр жыпIэмэ, Маринэ къызыхэкIа унагъуэрщ.

КУРЫТ школ нэужьым ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм. Абы хуэдэ щIыкIэм пщащэр ирикIуащ адэ-анэм, Балъкъэрхэ Антонрэ Цоцэрэ, я лъагуэм: ахэр тIури медицинэм и лэжьакIуэт. И адэр «Чайка» санаторэм и рентген Iэнатlэм щылажьэрт, и анэр «Грязелечебница» Іуэхущ1аIэм и бальнеофизиотерапевтическэ къудамэм щыIэт. Апхуэдэу щапхъэ хуэхъуащ и адэ къуэш, РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, «Налшык» курортым зегъэужьынымкIэ, ар дуней псом щIрыпIуэ щыхъунымкIэ лэжьыгъэщхуэ езыгъэкIуэкIа Балъкъэр Мухьэмэд.

- Абыхэм я лэжьыгъэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэр сэ сытым дежи згъэщIагъуэрт - щыIэныгъэ яхэлъу сымаджэхэм ябгъэдэт, я къалэныр жэуаплныгъэшхуэ пылъу ягъэзащIэрт. ЛъэIукIэ закъыхуэзыгъаззэхэм зэрахуэзэфIэкIкIэ сытым щыгъуи ядэIэпыкъуэхрт, Іуэхущ1аIэм и къудамэ щыIэ лэжьакIуэхэм я Іуэхугъэ ящIэрт. ЛъэIукIэ закъыхуэзыгъаззэхэм зэрахуэзэфIэкIкIэ сытым щыгъуи ядэIэпыкъуэхрт, щIэблэм ящIэрт. Ар щыщ хъуащ. Процент 43,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ цIыхум теуэн щIэпхъаджагъэр. Уголовнэ жэуапым хуэзышэу гъуэгум къыщыхьу насыпыншагъэхэми процент 29,5-кIэ хэхъуащ. Процентри 10-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ цIыху уIыным, укIын мурадкIэ теуэным теухуауэ сэтей къащIыр. Аращи, мы гъэм хэхауэ гулъытэ хуэтщIынущ а щIыщIэныгъэхэм. Экстремизмэм пэщIэтыным теухуа Іуэхугъэ ирагъэкIуэкI къонэж. Нэгъабэ экстремист щIэпхъаджагъэу сэтей къащIащ процент 66,7-кIэ нэхъыбэ, - кьыхигъэщащ республикэ прокурорым.

Коррупцэм зэрыпэщIэт лэжьыгъэм и гугъу щищIым, Жариков Олег жиIащ нэгъабэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэу процент 59,5-кIэ нэхъыбэ зэратхар. Іулъхьэ тын-къеIыхьным пэщIэту ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм кърикIуахэм фIыуэ хэхъуащ - 129-рэ (2017 гъэм - 56-рэ). Абыхэм ящыщу 81-р Іулъхьэ къеIыхьным щыпщIащ. Коррупцэм пэщIэтыныжмкIэ хабзэм къигъэувэхэр гъэззэщIэныр 770-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщащ прокурорхэм. Нэхъыбэу ахэр пыщIащ я хэхъуэм теухуа декларацэу къапщытахэм.

Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм я нэIэ зэрыстетыр бжыгъэхэмкIэ къагъэлъэгуащ: прокурорхэм учётым щызэфIагъэувэжащ щIэпхъаджагъэ 423-рэ, щыгъуэзэу, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу къамылъытауэ. Уголовнэ Iэхэу къэIэтыным теухуа хабзэм къемызэгъэщу къащта унафи 167-м (процентри 3,7-кIэ нэхъыбэ) къару имыIэу къалъытащ.

ЗэIущIэр купщIафIэу екIуэкIащ. КъБР-м и прокурорым, прокуратурэм и къудамэхэм я унафэщIхэм щыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэм я упщIэ куэдым, абы хъарычэтыщIэ, щIы, субсидие Iэхэум теухуахэри хьихьу, жэуап зэпкърыха ираташ. Жариков Олег къыхигъэщащ щыщIэупщIахэм ящыщу прокурор къэпщытэныгъэ хуэныкъуэхэр абыхэм елэжь я къудамэхэм зэрыIэрагъэхьэнр, абы кърикIуахэри СМИ IэмалхэмкIэ хэIущIыну зэращIынр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Налшык къалэ дэт поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэ Дол Маринэ и гъащIэр тыхьхуищIащ цIыхум и узыншагъэр хъумэным. Зыпэрыт Iэнатlэм щIиж жэуаплныгъэр нэху зыхищIэрэ адэкIи зэрыриГъэфIэкIуэным хущIэхуэу ирехьэкI абы и лэжьыгъэр. И Іуэху бгъэдыхьэкIэм щыгъуазэ уху-хъуамэ, гу лъымытэнкIэ Іэмал иIэхьым а бзыльхъугъэм и Іэщагъэр дгъэIыуэ зэрилъагъум. Дэнэ а лъагъуныгъэр къыщежьэр жыпIэмэ, Маринэ къызыхэкIа унагъуэрщ.

КУРЫТ школ нэужьым ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм. Абы хуэдэ щIыкIэм пщащэр ирикIуащ адэ-анэм, Балъкъэрхэ Антонрэ Цоцэрэ, я лъагуэм: ахэр тIури медицинэм и лэжьакIуэт. И адэр «Чайка» санаторэм и рентген Iэнатlэм щылажьэрт, и анэр «Грязелечебница» Іуэхущ1аIэм и бальнеофизиотерапевтическэ къудамэм щыIэт. Апхуэдэу щапхъэ хуэхъуащ и адэ къуэш, РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, «Налшык» курортым зегъэужьынымкIэ, ар дуней псом щIрыпIуэ щыхъунымкIэ лэжьыгъэщхуэ езыгъэкIуэкIа Балъкъэр Мухьэмэд.

- Абыхэм я лэжьыгъэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэр сэ сытым дежи згъэщIагъуэрт - щыIэныгъэ яхэлъу сымаджэхэм ябгъэдэт, я къалэныр жэуаплныгъэшхуэ пылъу ягъэзащIэрт. ЛъэIукIэ закъыхуэзыгъаззэхэм зэрахуэзэфIэкIкIэ сытым щыгъуи ядэIэпыкъуэхрт, щIэблэм ящIэрт. Ар щыщ хъуащ. Процент 43,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ цIыхум теуэн щIэпхъаджагъэр. Уголовнэ жэуапым хуэзышэу гъуэгум къыщыхьу насыпыншагъэхэми процент 29,5-кIэ хэхъуащ. Процентри 10-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ цIыху уIыным, укIын мурадкIэ теуэным теухуауэ сэтей къащIыр. Аращи, мы гъэм хэхауэ гулъытэ хуэтщIынущ а щIыщIэныгъэхэм. Экстремизмэм пэщIэтыным теухуа Іуэхугъэ ирагъэкIуэкI къонэж. Нэгъабэ экстремист щIэпхъаджагъэу сэтей къащIащ процент 66,7-кIэ нэхъыбэ, - кьыхигъэщащ республикэ прокурорым.

Коррупцэм зэрыпэщIэт лэжьыгъэм и гугъу щищIым, Жариков Олег жиIащ нэгъабэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэу процент 59,5-кIэ нэхъыбэ зэратхар. Іулъхьэ тын-къеIыхьным пэщIэту ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм кърикIуахэм фIыуэ хэхъуащ - 129-рэ (2017 гъэм - 56-рэ). Абыхэм ящыщу 81-р Іулъхьэ къеIыхьным щыпщIащ. Коррупцэм пэщIэтыныжмкIэ хабзэм къигъэувэхэр гъэззэщIэныр 770-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщащ прокурорхэм. Нэхъыбэу ахэр пыщIащ я хэхъуэм теухуа декларацэу къапщытахэм.

Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм я нэIэ зэрыстетыр бжыгъэхэмкIэ къагъэлъэгуащ: прокурорхэм учётым щызэфIагъэувэжащ щIэпхъаджагъэ 423-рэ, щыгъуэзэу, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу къамылъытауэ. Уголовнэ Iэхэу къэIэтыным теухуа хабзэм къемызэгъэщу къащта унафи 167-м (процентри 3,7-кIэ нэхъыбэ) къару имыIэу къалъытащ.

ЗэIущIэр купщIафIэу екIуэкIащ. КъБР-м и прокурорым, прокуратурэм и къудамэхэм я унафэщIхэм щыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэм я упщIэ куэдым, абы хъарычэтыщIэ, щIы, субсидие Iэхэум теухуахэри хьихьу, жэуап зэпкърыха ираташ. Жариков Олег къыхигъэщащ щыщIэупщIахэм ящыщу прокурор къэпщытэныгъэ хуэныкъуэхэр абыхэм елэжь я къудамэхэм зэрыIэрагъэхьэнр, абы кърикIуахэри СМИ IэмалхэмкIэ хэIущIыну зэращIынр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

абыхэм иратыжа гупсэхугъуэм езыхэм дэрэжэгъуэ къаритырт, - жеIэ Маринэ. - Си нэхъыжьхэм Іэщагъэр яхуэхъуауэ хуаIэ бгъэдыхьэкIэр щысIагъуэм, щыхухэм сэбэп щысIагъуэм, щыхухэм я зэхуэхъуэмэ, абы къаритыж гукъыдэжыр си нэгум щыщIэкIым, дохутыр сымыхъун схуэзфIэкIа-къым.

КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр къиуха нэужь, Долым «Терек» санаторэм неврологыу лэжьэн щыщIидзащ. ИужькIэ илъэси 10-кIэ къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м щылэжьащ. Дохутыр Іэщагъэм къыщIэкIуэу, абы фIы дыдэу хэзэгъэуэ ирихьэкIащ а сымаджэщым и профкомым и тхьэмадэ къулыкъури.

2003 гъэм щIегъэжьауэ 2011 гъэ пщIондэ Дол Маринэ лэжьащ «Капитал медицинское страхование» ЗАО-м и унафэщIым и къуэдзэу. Мы зэманым ар цIыху мин 54-м медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ къалэ поликлиникэ №93-м и дохутыр нэхъыщхьэщ. Жылагъуэ Іуэхугъэм жыджэру зыкъыщIегъэпIагъуэу Маринэ. Апхуэдэу ар Налшык къалэ и Щыхубзэм я советым и президиумым илъэс зыбжанэ хуэуауэ хэтщ. 2013 гъэм а жылагъуэ Іуэхущ1аIэм Долым къыхуигъэфащауэ щытащ «И Іэщ1агъэм фIы дыдэу зэрыхищIыкIым папщIэ» унэтIыныгъэмкIэ «Илъэсым и бзыльхъугъэ» щIэлъапIэр.

Зи унафэщI поликлиникэм и лэжьыгъэр тэмэму зэтеуухауэ екIуэкIыным гулъытэ хуищI зэпытщ Маринэ, фIагъ зиIэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я яхуэщIэным хуэунэтIауэ Іэнатlэм щIэуэ къыхьихьэ посми зэрызыщигъэгъуэзэным хущIокъу.

- Сэ сызэреплъымкIэ, дохутыр Іэщ1агъэр псом нэхърэ нэхъ гугъущ, - пещэ Маринэ. - Цl

ТхакIуэ цIэрыIуэ, журналист Iэзэ Мэлбахъуэ Елбэрд 80

ЩимыгъэтIылъам щылъыхъуэртэкъым

МАЗАЕМ и 4-м 1939 гъэм къалъхуащ адыгэ лэпкъым, литературэм я тхыдэм зи цIэр хэмыгъуэщэжыну хэзытха Мэлбахъуэ Елбэрд Тимборэ и къуэр. Абы и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэу «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт», «Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ», «Щакlуэхъэм и гукъэкIыжкэр», нэгъуэщIэхэри ди литературэм и фIыпIэм хабжэ. Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и унафэщI Мэлбахъуэ Тимборэ и къуэр Елбэрд и гъащIэр тыншауэ, гугъуехьыншэу къызыщыхъу щыIам, щоуэ. Ар зыцIыхуу щытахэмрэ абы и ныбжьэгъухэмрэ зэрыжаIэжымкIэ, и адэм и къулыкъум а адыгэлIам и кьалэнхэмрэ жэуаплынигъэхэмрэ ямыгъэбагъуэмэ, зыкIи щагъэпсынщIэртэкъым.

Ломоносовым и цIэр зезыхъэ Москва къэрал университетым и журналистикэ къудамэр 1961 гъэм къиухащ. Абы и ужькIэ щылэжьащ газетхэм, журналхэм: 1961 - 1969 гъэхэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым, 1969 - 1979 гъэхэм ТАСС-м, 1979 - 1984 гъэхэм «Известия» газетым я корреспондент Омск, Томск къалэхэм щылащ. 1991 - 2000 гъэхэм «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ.

Ищхьэкlэ зи гугъу тщIа романхэм нэмыщI дунейм кьэтехьащ Мэлбахъуэ Елбэрд и тхыгъэ зэмылIужьыгъуэхэр - повестхэр, Іэтэжьхэр (рассказхэр), очеркхэр щыззэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ.

Мэлбахъуэм и Іэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм я фIыпIэр, дауи, «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт», «Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ» романхэрэ. А тIуми лъабжьэ яхуэхъуар Къэбэрдейм и тхыдэрщ - XVI лIэщIыгъуэм нэс кьиубыду. Елбэрд и романхэр Налшыки Москвам зыбжанэрэ кьыщыдэкIащ, абыхэм жьжьэ щагъэIуащ адыгэ тхакIуэ гуащIафIэм и цIэр.

Мэлбахъуэр зэрытхар урысыбзэщ, ауэ абы и романхэр адыгэбзэкIэ Іэзэу зэрадзэкIащ Мэзыхьэ Борисэ («Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт») Уэрзэей Афликрэ («Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ»). Езы Елбэрд урысыбзэкIэ зэридзэкIащ адыгэ, балъкъэр тхакIуэ куэдым я тхыгъэхэр: Теунэ Хьэчим и «Псэм и Іофыр къуатмэ», Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр», Теппеев Алим и «Сират лъэмыжьыр» романхэр. ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, Гуртуев Эльдар, Елгъэр Кашиф сымэ, нэгъуэщIхэми я повестхэр, Іэтэжьхэр.

Литературэм, щэнхабзэм, журналистикэм щиIэ фIыщIэм папщIэ Мэлбахъуэ Елбэрд къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щlыхь тхылъыр къратащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ,
тхакIуэ.

ТхакIуэм и лэжьыгъэр къызэралъытэр и Іэдакъэ къыщIэкIам и куэдагъыр арауэ къыщIэкIынкъым. Щы Iэщ тхыгъэ закъуэкIэ зи цIэр уахътыншэ зыщIа, мащIэкъым, тхылъ куэдыкIей къыдигъэкIам, езыр дунейм эзрехьажу литературэм хэхужахэр. Ауэ щы Iэщ куэди итхрэм итхари хъууэ. Апхуэдэхэр нэхъ мащIэщ. Зи гугъу тщIыну тхакIуэр зыхьыхьэр япэ гупырщ. Мэлбахъуэ Елбэрд Тимборэ и къуэм и Іэдакъэ къыщIэкIаХэр цIыхум я гум, я псэм дохьэ. Иреочерк, ирероман, иреповесть е нэгъуэщI тхыгъэуи щрет. КъызэрыдэкIрэ зэман хъарзынэ щIам, тхылъеджэм щыгъупщакъым «Къэбэрдей-Балъкъэрыр ди унагъуэщ» (щэнейрэ дунейм кьытехьащ). «ЛьагапIэм зиIэтурэ», «ЩакIуэхьэм и гукъэкIыжэкр» тхыгъэхэр.

ЕлБЭРД и цIэ-и щхьэ зыIэтари, зыгъэлъэпIари, шэч хэмылъу, «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт» романырщ, къэбэрдей адыгэ тхыдэр художественнэ и лъэныкъуэкIэ Іэзэу къыщыгъэлъэгъуарщ. Мы тхылъыр ящыщщ нэхъ зэпэубыдауэ, къэгъуэтыгъуейкъэщэхугъуейуэ ди деж дунейм къыщытехьаэжм. «Емыджам и махуэ мыгъуэщ» жыхуаIэм ещхьу, ар цIыхум зэIэпахыу яджащ. Абы нэхъ насып тхакIуэм дежкIэ щыIэу къыщIэкIынкъым.

Мэлбахъуэм къыхиха жанрыр тыншхэм ящыщкъым (литературэм жанр тынш иIэу щытмэ), ди лъэпкъ литературэм зэкIэ къимыгъэIурыщIащ. Ауэ, тхылъеджэмэ гу зэрыльытащи, ар абы дэгъуэу къеуолIащ. Псом нэхъри нэхъыщхьэращи, тхакIуэм хузэфIэкIащ пасэрей адыгэхэм я псэуклар, абыхэм яку дэлъа зэхущытыкIэхэр, хабзэр - Іейри фIыри имыбзыщIу, имыгъэщIэращIэу - дигъэлъагъужьи.

Псом япэу Елбэрд (ар блэкIа лIэщIыгъуэм и пщIей гъэхэм я пэщIэдзэм!) япэ дыдэу утыку кIэришэжащ адыгэпщхэр. Кьиишэжари хэт жыпIэмэ, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и унафэщI лIы ткIийм и къуэ Елбэрдщ. Пщы губзыгъэхэм куэдкIэ елъытагъэ щытащ цIыхухэм я мамыр, зэIуэпэщ гъащIэр, я нобэр, пщэдейр, я быныр япIыжу псэунымрэ гъэрпIэ имыхуэнымрэ. Дауи, абыхэм яхэтащ цIыхур гуцIэгъуншэу дзэкъуэзаи, лей зезыхьа Іэджи. Ауэ Елбэрд аракъым зи гугъу ищIыр, атIэ ахэр лъэпкъ щхьэщыжакIуэу, хэкум и хъумакIуэу, Къэбэрдей щIыналъэм и щхьэхуитныгъэм папщIэ псэр ятыну хьэзыру икIи яту зэрыщытар дигъэпIагъуэжныкIыр. ИкIи ар абы кьэхъуплIащ.

Мэлбахъуэм и тхыгъэшхуэр дунейм кьыщытехьа лъэхъэнэм тепщIыхьмэ, ар лIыгъэт. Куэдым зызрамыпщытыф, яхуэзэфIэмыкI Іэзхут.

Романым цIыху куэдым дащрохьэлIэ, я хьэл-щэнкIи, шыфэлIыфэкIи зыр адрейм хьымыгъэгъэщэну, апхуэдизкIэ Іупщу, нэIуРыту я образхэр гъэпсащи. Ауэ псом хуэмыдэу нэхъ гукъинэж пщохьу Хьэтlохъущокъуэ Кургъуокъуэ и образ дахэр. Мыр тхакIуэм кьигупсыса лIыхъужькъым, атIэ щыIа-псэуа, адыгэ тхыдэм пщы хъыжьэу къыхэна цIыхуу. Кургъуокъуэ Хьэжэал зауэр зэрилъэхъэзырам, зэрырилъэгъэкIыжам техуэ романым и фIыпIэщ. Тхылъеджэм кууэу зыхечIэ Хьэтlохъущокъуэм бгъэдэлъ акъылым, лIыгъэм я инагъыр, бэ адыгэ щIынальэм хуиIэ лъагъунигъэр здынэсу щытар.

Адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа напэкIуэцIкэм романыр купщIафIэ ящI. Елбэрд и хеящIэр мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIщ, зэ елтыкIыгъэкIэ, и жьлэгъуэхэм къаэрыхэщ щымыIэ хуэдэщ. Ауэ абы и хеящIэр зэманым пхыпIтьыф, кьэкIуэнур къызыхуэлъагъу, а къэкIуэнум хуеэыджэ цIыхущ. Лъэпкъым и Іущагъыр абы деж щызэхуэхьэсащ. ТхакIуэм кьехъулIащ Іуэрыlуатэм къыхишу, Жэбагъы литературэ лIыхъужь ищIын. Абы папщIэ ар унагъуэм, цIыхухэм яхэту, кьэрал Іузку зэрихьэу дегъэлъагъу. Мэлбахъуэм и Къэзанокъуэр гупсыскIуэшхуэщ, дипломатщ, пэжым, захуагъэм зи гъащIэ псор щхьэзыхь хуэзыщIа цIыхущ.

РОМАНЫМ еджа дэтхэнэри пэплъауэ къыщIэкIынущ Елбэрд и Іэдакъэ иджыри тхыгъэфI куэд къыщыщIэкIыну зэманым. ИкIи щыуахэкъым - илъэс зыбжанэ дэкIри, дуней илъэгъуащ «Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ» романым. Ар зэIэпахыу цIыхум яджащ жьпIэкIэ, щыуагъэ хъунукъым. Нэхъыщхьэращи, тхылъеджэр темызашэрэ щIэщыгъуэу Елбэрд тотхьыхь тхыдэм и Іуэхугъуэ гугъу дыдэхэм - Елбэрдейм и щыIэкIэ-псэуфIэм, къэзыухъуреихь зэралыгъуэхэм - Урысейм, Кьрымым, нэгъуейхэм, дагъыстэнхэм, къэзакъхэм, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, балъкъэрхэм адыгэхэм хуаIэ къуэш пыщIэныгъэ быдэм. А лъэпкъхэм нобэ яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ-зэпыщIэныгъэм и кьежьапIэр зымыщIэхэм Елбэрд и тхылъым а упщIэм и жэуап щагъуэтынущ.

Сэ сызэрепльымкIэ, Мэлбахъуэм и романитIым къэбэрдей литературэм лъэбакъуэщIэ ирагъэчащ. Иужь илъэс 40-м дунейм кьытехьа тхыгъэ куэдым абыхэм яужь зэрыщIихуар бзянщ. Сэ апхуэдэу къыщохьу.

МЭЗЫХЬЭ Борис,
УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ.

Сэ апхуэдэу къысщохьу

Псэм щыщ Іыхьэ

Япэкlэ укIуэн щхьэкlэ, иджыри къэс къэпкIуам ухуеплъэкIыжьын хуейщ. Пщэдейрей махуэр бухуэн папщIэ, дыгъуасэ ягъэтIылъа лъабжьэр зыхуэдэр умыщIэу хъунукъым. Уи лъэпкъым зиужьыну ухуейм, щIэгъэкъуэн пхуэхъунур абы и тхыдэрщ. Аращ тхакIуэ куэдым блэкIа зэман жыжьэм щIыуэкIа Іуэхугъуэхэр къыщIалэтыжыр, пасэрей гъащIэр нобэрей цIыхум и нэгум къыщIагъувэжыну щIыхущIэкъур. Хэт тхыдэ нэхъ тхыдэр, хэт нэхъ тпэгъунэгъур кьещтэ икIи дэтхэнэ тхакIуэми, сыт хуэдэ лъэхъэнэр и тхыгъэм лъабжьэ хуимыщIами, езым и бгъэдыхьэкIэ, еплъыкIэ иIэжщ.

МЭЛБАХЪУЭ Елбэрд тхылъеджэхэм журналисту, тхакIуэу кьызэрагцIыхурэ зэманыфI дэкIащ. Абы и Іуэтэжкэр, новеллэхэр еджэм ягу ирихьыт, тхакIуэм гъащIэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр хэпльагъуэу тхат. Мэлбахъуэм гъащIэр фIыуэ кьызэрищIар куэдкIэ и сэбэпщ ар илъэс зыбжанэкIэ журналисту зэрылэжьам, а гъуэгуанэм Сыбыр жьыжьэм нэсыху зэришам. Абы щIилъэгъуэ куэд тхакIуэм и Іуэтэжьэм кьыщигъэсэбэпьжащ.

Ауэ, сыт хуэдэу щымытми, Елбэрд цIэрыIуэ зыщIар и романхэрщ, псом хуэмыдэу япэ кьыдигъэкIа тхыгъэшхуэрщ - «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт» зыфIищарщ.

Дызэсэжа роман тхыкIэм зыкъомкIэ къыщхьэщыкIыу, хьыбар-хьыбарурэ зэпыудауэ къыIуэтэжа эпопеем авторым къыщиIэтыжа лъэхъэнэри Іэзэгъуэзэри адыгэхэм я гъащIэм я къэкIуэнум дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэт. Романыр ди республикэм и мызакъуэу, хэку псом къыщацIыхуауэ щытащ. Абы, хэти тхакIуэм арэзы дэхъуу, хэти дэмыхъуу, критик куэд тепсэлъыхьащ. Ауэ, нэхъыщхьэращи, Мэлбахъуэм хузэфIэкIащ адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэшхуэм и зы пычыгъуэ ди пащхьэ кьырилъхьэжу, абы щIэрыщIэу дриГъэплъыжьын.

ТхакIуэм и етIуанэ романри («Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ») зытеухуар адыгэ тхыдэрщ, лъэпкъым и нэмэзлыкъыпэр щымыуэу здигъэзэну лъэныкъуэр кьыхихьын хуейуэ кьалэн гугъу и пащхьэм кьыщиува лъэхъэнэрщ.

ЕпщыкIуханэ лIэщIыгъуэр ди лъэпкъым куэд дыдэ щигъэунэху, ар гупсысэшхуэм щыхэта, зауэ-банэм щигъэжьа зэманщ. Мис а лъэхъэнэ гугъу дыдэрщ тхакIуэм и романым кьыщIэтэжащ.

Къэбэрдейм Тыркур Іупэфlэгъу кьищIыну, хьэмэрэ Урысеймкlэ зигъэзэну? - а упщIэ хьэлъэщ пщыIэхэу Темрыкъуэ деж кьыщыщIэдзауэ Брат щIалэщIэм деж щиухыжу лъэпкъыр зыгъэгупсысэр.

Пщыхэм я унафэм куэд елъытами, тхакIуэм Іэзэу, зэуэ нэм кьыIуимыдэу, дахуэ дегъэлъагъу лъэпкъым и къэкIуэнур зэлъытар Цуукъарэ лIы Іущым, Кьаншауэ зауэлIым, Брат щIалэщIэм хуэдэхэр зэрырар.

Философие гупсысэкIэ (псом хуэмыдэжу гукъинэжщ Цуукъарэ и губзыгъаГъэр), гушыIэ дахэкIэ гъэнщIа романым адыгэ гъащIэр нэIуРыту ди нэгу къыщIегъэувэж.

Мы романитIыр кьыщцыхэдгъэщхьэхукIар ахэр тхакIуэм нэхъ и екъулэныгъэшхуэу кьызэрытлъытэр аращ, ауэ адрей и тхыгъэхэми псалъэ гуапэ куэд яхуэжьIепэфынущ, сыту жьпIэмэ, Елбэрд и къалэмыпэм кьыщIэкI псоми и гури и псэри хелъхьэ.

Мэлбахъуэ Елбэрд зэрытхэр урысыбзэми, и тхыгъэхэм кьыбжьаIэ адыгэ гупсысэкIэу зэрыгупсысэр. Нэхъыбэу зытетхыхьри адыгэ Іуэхущ, адыгэ тхыдэщ, псэукIэщ.

УЭРЭЗЕЙ Афлик,
усакIуэ.
2009 гъэ

Сыт нэхъыщхьэ дыдэр?

Елбэрд и тхыгъэхэм я гугъу сщIын ипэкIэ, абы и Іэдакъэщ Iэкlэр ди литературэм зэрыщыщым щэч къытезыхьэхэм папщIэ, Мэлбахъуэм адыгэ тхакIуэу зибжьыжьрэ зимыбжьым теухуауэ щеупщIам, ярита жэуапыр къэгъэльэгъуапхъэу къызэуплъыта:«Сэ си адэр адыгэщ, си анэр урысщ. Абы къыхэкIыуи сэ тIуми сахыубжэ хъунущ. Ауэ, сэ сызэригугъэмкIэ, сыт хуэдэу щымытми, си художественнэ гупсысэкIэр адыгэ гупсысэкIэщ, ар си хъэтIми, псалъэуха ухуэкIэми, характерхэмрэ образхэмрэ зэрызэхэлъха щыкIэми къыхощ».

МЭЛБАХЪУЭ Елбэрд и «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт», «Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ» романхэм, сэ сызэреплъымкIэ, лъэпкъ тхыдэм хуэфащэ пщIэ игъуэтыжьымкIэ, цIыхум и дуней еплъыкIэр тэмэму зэфIэгъэувэнымкIэ кьалэныфI егъэзащIэ.

Тхыдэм къыщыхъуа Іуэхугъуэхэр езыр зэрыхуэфм, зэрыфIэфым хуэдэу кьигъэсэбэну хужаIэурэ ар игъэхъэншами, «Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ» романым Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ гъунэгъу зэхуэмыхъункIэ Іэмал зэрымыIар, абы и щхьэхуитныгъэхэр художественнэу щызэпкърыхыным и хэкIыпIэ хъуар, лъэныкъуитIыр зэгуэувэным ехьэлIауэ абыхэм я къэрал кIуэцI Іузкухэм зэщхьу хэлъа политикэ щытыкIэхэр тхакIуэм тэмэму къызэрыгурыIуар аращ. Ар зэфIэбгъэкIыну тыншкъым, сыту жьпIэмэ цIыху псоми я зэхуэдэ дуней еплъыкIэмрэ адрей лъэпкъхэр зыхуэИ тхыдэ пыухыкIахэмрэ быдэу зэрапыщIам ар гугъу кьыпщащIыр.

«Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ», «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт» романитIми я художественнэ уэхэкIэр зэрызэщхьэщыкIым щхьэкIэ къэмынэу, абыхэм тхыдэр къызэрагъэлъэгъужьар ар кьызэрекIуэкIа дыдэм тетукъым, атIэ а тхыдэр зэрыбауэу щыта хьэуар нэIуРыт кьэщIыным теухуауэщ. Лъэпкъ зэхущытыкIэхэр тKIий щыхъуа ди лъэхъэнэм псом хуэмыдэу а романхэм дахуэныкъуэщ. Лъэпкъ зэхэщIыкIым псынщIэу зыщиужьым дэж, хьэщIэжьыныгъэм хуэпщIыну гъуаэр кьыхэпхьи хуейщ, ар уи фIэщ зэрыхъуми куэд дыдэ елъытащ. Елбэрд и романым хьэкъ зэрыщIыщIыкIэ, апхуэдэ гуаэзу щытыбфынур псоми я зэхуэдэ Іуэхугъуэхэу лъэпкъым и хабзэм хэлъхэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ гъащIэгъуэнщ нравственнэ экспериментэ пэлъытэу дигъэлъагъур, Аю-Орун деж къыщыхъуар. Абдеж, зы щIы кIапэ зэпэплIимэ тIэкIум, щызэIуоуэ зэкIэ политикэ уэнэтIныныгъэ зэтемыхуэхэр - дуней иным яужьрэ хабзэмрэ и лъэпкъым, цIыху псоми я зэхуэдэ хабзэмрэ. ИкIэм-икIжьым лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ дуней зэхэщIыкIым Аю-Орун щызэхуэзэ цIыхухэр зы унагъуэ хабзэм тету зэкъуэгъэувэри, цIыху зэщхьэщIыкIыныгъэр къызэренэкI (сыту жьпIэмэ, абы и гупсысэ нэхъыщхьэр тепщэныгъэракъым) икIи дэтхэнэ зым и дежкIи дяпэкIэ кьыпэщылъ гъуэгум и мыхьэнэ дыдэр гъеГъэкI. Гъэщ1эгъуэнщ зи гугъу тщIа къэIуэтэжкIэр романым ауан мащIэ щIэлъу зэрыщекIуэкIыр, а зэман дыдэми кьиIуатэ хъыбарым лъэныкъуэ зыбжанэ къызэщIигъэзэбгъэр.

Псалъэм папщIэ, Ньютон и мыIэрысэм теухуа хъыбарыр кьызэригъэсэбэпыр: «Мис а зэманым сэ. ЩIыкъэпщ Хьэжьэ, пщым и жыг хадэм жыг лъабжьэр щыщIэстIыкIырт икIи зы кхъужьышхуэ, хьэлъэрэ быдэ хъужауэ, жыг щхьэкIэ дыдэм кьыфIэхури, си щхьэгум кьихуащ. ПыIэм удыныр тIэкIу игъэтIэсхьат, ауэ, сыт хуэдэу щымытами, си щхьэ кущым зыгуэр щыхъеящ - си щхьэ кущыр и пIэм иувэжагъэнкIи мэхъу - икIи си акъыл щхьэжьыр кьэбзэщIыгъэуэри, тэмэму лажьэу хуежьащ». ЩIыкъэпщыр зэманыр Іыхьэ-Іыхьэу зыхэщIэным кьыхэзыша Іузхур адыгэм дежкIэ зыужьыныгъэм и гъуэгущ кьызэIузыха хуэдэуи мэхъу.

СИ ПСАЛЪЭМ и кIэухыу иджыри зэ къэзгъэльэгъуэну сыхуейт Мэлбахъуэ Елбэрд тхыдэм зэреплъ щIыкIэр блэкIам и закъуэкIэ къызэрызэтемыуыбэр, атIэ ар ди зэманым быдэу къызэрыпищIэр. КъыжьIапхъэщ тхакIуэ цIэрыIуэм и романыр щитха зэманми нобэрей ми хуэфащэ увыпIэ зэрыщаубыдыр. ТхакIуэм и дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэри аращ.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Юрэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.

Лъэпкъыр зыхуэныкъуэ тхылъ

Литературэ щIалэхэм я деж роман нэгъэса къыщагъэщIрэ, абы и увыпIэ игъуэтыжмэ, а лъэпкъым и литературэр зэфIэуваауэ къалъытэ. Ар захуагъэуи къыщIэкIынущ. Апхуэдэу щытмэ, дэ ди фIэщу къэтлъытэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр литературэр балигъыпIэ иуваУэ - ди тхакIуэхэм романыфI куэд дунейм кьытрагъэхьащ. УщымыгугъыпкIыкIэ Іэмал иIэкъым абы. Нэхъыщхьэращи, - лъэпкъ литературэм зеужь, кIуэтэху йофIакIуэ, тхыдэм, цIыхубэ гъащIэм, гугъуехькIэ псыхьа лъэпкъым и къэмылэнджагъэм и гъуджэ пэж мэхъу.

АГЪУЭГУАНЭ гугъуращ, цIыху зэхэсIакIыпIэ лъэхъэнэрщ «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт» романыр эытеухуари. Тхыдэм нэхъ кууэу ухэIэбэжу нэхъ гугъущ, а лъэхъэнэм теухуауэ дэфтэрхэм кьахэнар мащIэщи, ауэ Елбэрд гугъуехьыми ирегъэкIуэтхэм ящыщкъым. Абы зэрытегушхуа кьудейм щхьэкIэ Мэлбахъуэм фIыщIэ хуэфащэщ икIи кьыхэгъэщIыпхъщ мыр тхакIуэм имыяпэ тхыгъэми, романыр жанрым зэрыщияпэ лъэбакъуэр.

ЖызыIэни щыIэщ, дэ мащIэ фIэкIа зыхэдмыщIыкI а лъэхъэнэм щIэIэбэн щыIауэ пIэрэ? Сэ сызэреплъымкIэ, Мэлбахъуэ Елбэрд и романыр а упщIэм и жэуап нэс мэхъу. Кlэщу жьпIэмэ, абы хуэзэфIэкIащ лъэпкъыр зыхуэныкъуэ тхыгъэ итхын, абыкIи и творческэ зэфIэкIым и кууагъри и бгъуагъри кьигъэльэгъуэн. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Куэдрэ жаIэу зэхьбох, иджырей гъащIэм, нобэрей дунейм тетхьыхьн хуейуэ, тхакIуэм и нэкIэ ильагъумрэ езым зыхищIэнэр хуэдэу зыри хуэмытхыну. Ар пэжу кьыщIэкIынщ, ауэ тхакIуэр тхыдэм хэIэбэн хуейщ, псом хуэмыдэу зи тхыбзэр щIалэ ди лъэпкъым къаэкIа тхакIуэкъэ.

Псалъэм папщIэ, Толстой Лев Болконскэм, Каратаев сымэ я образхэр Іупщу кьыдигъэщIыхуащ, я хъыбархэри кьытхуиIуэтэжащ, ауэ ди лъэпкъым хэта лIы цIэрыIуэхэрщэ? Ахэр цIыхубэм дауэ кьаэрредгъэщIэжьынур?..Ар щхьэусыгъуэу урикъункъэ?!

Романым и сюжетыр лейуэ щыIыхьысIэжьм щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ быдэу си фIэщ мэхъу тхыльыр цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэну куэд дыдэрэ къыззырахьэкIынур. Си щхьэ изолыыт. Абы и образхэр уи нэгу къыщIегъэувэ, Елбэрд хуэзфIэкIащ Іыхьэ зыжьэм и хьэуам и Іофыр зэхищIэн, ар щIэджыкIакIуэм Іурилъхьэжьи.

Мэлбахъуэ Елбэрд и «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт» романым илъэс зыбжанэкIэ елэжьащ. Елэжьами, кьехъулIащ! Сыщогугъ художественнэ литературэр фIыуэ зыльагъу псори сэ а тхылъым сызэрещыгугъыкIам хуэдэу щыгугъыкIыну.

КУЛИЕВ Къайсын,
КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ.
1980 гъэ

Зыми емыщхь

Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетыр япэу къэзыуха адыгэ щIалэр Къуэдзокъуэ Лэкъумэнщ. ИужькIэ абы нэхъыфI дыдэу щеджахэм ящыщщ Мэлбахъуэ Тимборэ и къуэ Елбэрд. Хуабжьу щIэныгъэшхуэ бгъэдэлъу Москва кIуат ар, адэкIи еджэным хуэнэпсейуэ къалащхьэм нэхъри щыхигъэхъуат.

КЪЫХЭЗГЪЭЩIЫНУ сыхуейт и хьэр адрейхэм къахигъэщхьэхукIыну абы и адэр зэи яужь зэримытар. ЩIалэр и къарурэ и акъылрэ фIэкIа нэгъуэщIым щымыгугъыну къэтэджащ, апхуэдэуи псэуащ. Уеблэмэ, Тимборэ и нэфI къалэжьын ягугъэу, зыгуэрхэм щэхуу Елбэрд пэшилл хъу фэтэр къратат. Ар Тимборэ къызэрищIэу, и къуэр а унэм къыщигъэкIщ, пэшитI хъу фэтэрым игъэIэпхъуэжри, бынунагъэушхуэ гуэр а пэшилIым щигъэтIысхьауэ щытащ. Елбэрди зэи ирегъэлейрэтхъым, зэпIэзэрытт, хабзэр ищIэрт.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псалъэ щхьэхуэхэм кьищынэмыщIа, абы адыгэбзэ Іурыльакъым (и анэр зэрыурысыр арагъэнт). Ауэ и урысыбзэр нэгъэсат. «Кабардино-Балкарская правда» газетым зэрыщылажьэрэ сцIыхурти, зэрытхэ бзэм удимыхьэхынкIэ Іэмал иIэтэкъым. «Известия» газетым и корреспондент лэжьащ. Япэщыкlэ Омскэ, Томскэ щIыналъэхэм щылащ. А лъэхъэнэм сэри «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьулыкъу щесхьэкIырти, Елбэрд и «Іуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт» романыр кьыдзэгъэкIыну кьызатат. Тхыгъэр сигу ирихьат, ауэ тхыдэ и лъэныкъуэкIэ зэгъэзэхуэжьын хуей гуэрхэр хэтти, ар жеслащ. Мэлбахъуэр абы арэзы техуащ. ИужькIэ, илъэс бжыгъэ дэкIри, Мэзыхьэ Борис зэридзэкIри, ар адыгэбзэкIэ дунейм кьытехьащ. А тхылъым Скотт Вальтер и лIыхъужьсэжь (рыцарь) романхэр уигу кьагъэкIыж. Нэгъэсауэ адыгэхэм я хьэлыр, лIыгъэр, хабзэр, Кьэнжал зауэм зэрыщытекIуар, Кьэзанокъуэ Жэбагъы лъэпкъым чэнджэщлIхэмкIэ зэрызыщIигъэкъуар кьыхощыж. Абы кьыкIэпхыкIуэу «Щумыгъэпщкlуам щылъыхъуэ» тхыгъэшхуэр дунейм кьытехьати, ари Уэрзэей Афлик и фIыгъэкIэ адыгэбзэкIэ «къэпсэльащ».

Елбэрд и тхыгъэ нэхъыщхьэм ящыщщ «Щакlуэхъэм и гукъэкIыжкэр». Ар пхуэтхэн щхьэкIэ хьэм и дэтхэнэ зы гъаэзэри пщIэн хуейт. «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу Мэлбахъуэр щыщыта лъэхъэнэм дыздэлэжьащ. Усакlуэ Бицу Анатолэ, тхакIуэ Гадиев Абрэхьим, сэ Мэлбахъуэм и унагъуэм куэдрэ дыщыхьэщIащ. Хуабжьу Іофlу пщафIэрт Елбэрд. Пьэпкъ псоми я щхьныгъуэхэр игъэхъэзырыфырт.

Елбэрд дунейм зэрехьжьрэ илъэс зыбжанэ мэхъу. ЦIыхухъуэр тфIэкIуэдащ, цIыху гуащIафIэ. Зэрытхар урысбзэми, и тхыгъэхэм кьыбжьаIэ адыгэ гупсысэкIэу зэрыгупсысэр. Нэхъыбэу зытетхыхьри адыгэ Іуэхущ, адыгэ тхыдэщ, псэукIэщ.

ХЬЭФЫIЦIЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.



Экономикэ Политикэ

Махэуку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іэуху

● Іэщэхэр

Хуэфащэ жэуап

США-м и ужькІэ Урысейми къызэтрегъэувыІэ Курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэф ракетэхэр гъэмэщІэным теухуауэ зэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм (ДРМ-СД) хэтыныр. Ар Президент Путин Владимир къыжигъэщащ УФ-м нэгъэсыІ къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министр Лавров Сергейрэ зыхъумэжныныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергейрэ щалъ-щІыгъ.

Илъэс 20 хъуауэ

Президентыр нэгъуэщІ къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министрым елъэІуауэ а зэгурыІуэныгъэм егъэщІылІауэ кьеклуэкІ псалъэмакъым и гугъу ящІыну.

- Дэ дыззрыщыгъуаззэмкІэ, пІалъэ гуэрми темыщІыхьа а зэгурыІуэныгъэр Штат Зэгъэхэм къызэпаудыж щІадзащ 1999 гъэм, цІыху имысу лъэтэ Іэмэпсымэхэр зэуэным хуэщІауэ ягъэнэхуу щрагъэжьам. Апхуэдэ Іэмэпсымэхэр зэгурыІуэныгъэм имыдэ ракетэхэм ещхьт, - итыжащ жэуап Лавровым. - ИтІанэ баллистическэ ракетэхэри ягъэнэхуу щІадзащ. 2014 гъэм ахэр Европэм къашэу хуежьащ. ИкІи а Іэмэпсымэхэр хуэхъэзырщ курыт жыжьагъкІэ лъэтэ «Томагавк» ракетэхэр ауТІыпщыным.

- Абы зэгурыІуэныгъэр занщІэу къызэпеуд, - пидзыжащ Путин Владимир.

- Мы зэманым апхуэдэ Іэмэпсымэхэр Румыниием щагъэуващ, итІанэ Польшэми, апхуэдэу Япониеми щыхагъуэшэну я мурадщ, - пищащ министрым. - Иджы жаІащ курыт жыжьагъкІэ лъэтэ ракетэхэр ящІу зэрыщІадзэнур.

Сыт щІэн хуейр?

- ЗыхъумэжныныгъэмкІэ министерствэр мы Іуэхум зэрелъым дыщыгъэгъуаззт, - зыхуигъэзащ Президентым Шойгу Сергей.

- Дэ абы и жэуапу дгъжьынухэм дегупсысащ, - къыхиГъэщхьэхуКІащ Шойгу Сергей.

- Ялэрауэ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щІэддзэн хуейщ. Мазэ гъунэгъу дыдэхэм яужь дихьэну ди мурадщ тенджызхэм щыдутІыпщ «Калибр» ракетэхэр щІы щхьэфэми щыдутІыпщыным хуэдэ Іуэныным. ЕтІуанэраз, мазкъым и хуабжьагъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ ракетэхэу курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэфэр дгъэхьэзырын хуейщ.

- АбыкІэ сыарэзыщ, - диныгъаш Путин Владимир. - Ди жэуапыр США-м илэжьхэм сыт и лъэныкъэкІи пэхъуу щытын хуейщ. Американхэм жаІащ зэгурыІуэныгъэм кьыхэкІыжу. Дэри ар дыдэр дощІэ. Абыхэм жаІащ къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну. Дэри ар дыдэр тщІэнущ.

Ахъшэ хуаутІыпщым зихъуэжынукъым

Къэралым и Іэтащхьэм аргуэру къыхигъэбелджылыкІащ Урысейм Іэщэкіэ зыззщІэуэздэным зэрызыдримыгъэхьэхынур. Ар лъэІуащ къэхутэныгъэхэр дзэ бюджетым щыгъэува пщащхьэхэм кІутІасэу ирагъэкІуэкІыну.

- Иужь илъэсхэм дэ дольагъу къыхэтлъхьэ жэрдэмхэр США-м зэрыдимыІыгъыр, - жиІащ Путиным.

- Абы зэгурыІуэныгъэр занщІэу къызэпеуд, - пидзыжащ Путин Владимир.

- Мы зэманым апхуэдэ Іэмэпсымэхэр Румыниием щагъэуващ, итІанэ Польшэми, апхуэдэу Япониеми щыхагъуэшэну я мурадщ, - пищащ министрым. - Иджы жаІащ курыт жыжьагъкІэ лъэтэ ракетэхэр ящІу зэрыщІадзэнур.

Сыт щІэн хуейр?

- ЗыхъумэжныныгъэмкІэ министерствэр мы Іуэхум зэрелъым дыщыгъэгъуаззт, - зыхуигъэзащ Президентым Шойгу Сергей.

- Дэ абы и жэуапу дгъжьынухэм дегупсысащ, - къыхиГъэщхьэхуКІащ Шойгу Сергей.

- Ялэрауэ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щІэддзэн хуейщ. Мазэ гъунэгъу дыдэхэм яужь дихьэну ди мурадщ тенджызхэм щыдутІыпщ «Калибр» ракетэхэр щІы щхьэфэми щыдутІыпщыным хуэдэ Іуэныным. ЕтІуанэраз, мазкъым и хуабжьагъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ ракетэхэу курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэфэр дгъэхьэзырын хуейщ.

- АбыкІэ сыарэзыщ, - диныгъаш Путин Владимир. - Ди жэуапыр США-м илэжьхэм сыт и лъэныкъэкІи пэхъуу щытын хуейщ. Американхэм жаІащ зэгурыІуэныгъэм кьыхэкІыжу. Дэри ар дыдэр дощІэ. Абыхэм жаІащ къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну. Дэри ар дыдэр тщІэнущ.

Ахъшэ хуаутІыпщым зихъуэжынукъым

Къэралым и Іэтащхьэм аргуэру къыхигъэбелджылыкІащ Урысейм Іэщэкіэ зыззщІэуэздэным зэрыздримыгъэхьэхынур. Ар лъэІуащ къэхутэныгъэхэр дзэ бюджетым щыгъэува пщащхьэхэм кІутІасэу ирагъэкІуэкІыну.

- Иужь илъэсхэм дэ дольагъу къыхэтлъхьэ жэрдэмхэр США-м зэрыдимыІыгъыр, - жиІащ Путиным.

- Абы къыхэкІыу сыныволльэу дяпэкІэ абыхэм зэпсэльэныгъэ гуэрхэр ядевгъэкІуэкІыну яужь фимытыну. Дыпэплъэщ, американхэм дэ къаркІэ дззэрыхуэдэр къагурыІуэу къыдэпсэльэн зэрыхуейр къащыгурыІуэну зэманым. Абы мыхьэнэшхэу иІэщ ди дежкІи, США-м и дежкІи, дуней псом и дежкІи.

Президентым щІигъажащ Урысейм курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэф ракетэхэр Европэм дунейм и нэгъуэщІ щІыпІэхэми зэрыщыхимигъуэшэнур. Дауи, а щІыналъэхэм США-м щащІа ракетэхэр къыщыщыхутэхукІэ.

- Ящэрауэ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щІэддзэн хуейщ. Мазэ гъунэгъу дыдэхэм яужь дихьэну ди мурадщ тенджызхэм щыдутІыпщ «Калибр» ракетэхэр щІы щхьэфэми щыдутІыпщыным хуэдэ Іуэныным. ЕтІуанэраз, мазкъым и хуабжьагъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ ракетэхэу курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэфэр дгъэхьэзырын хуейщ.

- АбыкІэ сыарэзыщ, - диныгъаш Путин Владимир. - Ди жэуапыр США-м илэжьхэм сыт и лъэныкъэкІи пэхъуу щытын хуейщ. Американхэм жаІащ зэгурыІуэныгъэм кьыхэкІыжу. Дэри ар дыдэр дощІэ. Абыхэм жаІащ къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну. Дэри ар дыдэр тщІэнущ.

Ахъшэ хуаутІыпщым зихъуэжынукъым

Къэралым и Іэтащхьэм аргуэру къыхигъэбелджылыкІащ Урысейм Іэщэкіэ зыззщІэуэздэным зэрыздримыгъэхьэхынур. Ар лъэІуащ къэхутэныгъэхэр дзэ бюджетым щыгъэува пщащхьэхэм кІутІасэу ирагъэкІуэкІыну.

- Иужь илъэсхэм дэ дольагъу къыхэтлъхьэ жэрдэмхэр США-м зэрыдимыІыгъыр, - жиІащ Путиным.

- Абы къыхэкІыу сыныволльэу дяпэкІэ абыхэм зэпсэльэныгъэ гуэрхэр ядевгъэкІуэкІыну яужь фимытыну. Дыпэплъэщ, американхэм дэ къаркІэ дззэрыхуэдэр къагурыІуэу къыдэпсэльэн зэрыхуейр къащыгурыІуэну зэманым. Абы мыхьэнэшхэу иІэщ ди дежкІи, США-м и дежкІи, дуней псом и дежкІи.

Президентым щІигъажащ Урысейм курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэф ракетэхэр Европэм дунейм и нэгъуэщІ щІыпІэхэми зэрыщыхимигъуэшэнур. Дауи, а щІыналъэхэм США-м щащІа ракетэхэр къыщыщыхутэхукІэ.

● Мылъку

Языныкъуэхэр мэтхъэж, адрейхэр...

Дунейм и нэхъ цІыху къулей дыдэ 26-м я мылъкур ЩІы хъурейм и цІыху меларди 3,8-м псори зэхэту ябгъэдэлъым хуэдиз мэхъу

Къулейхэр нэхъри бей, къулейсызхэр факъырэ мэхъу. Ар аргуэру къыгъэлъэгъуащ Oxfam псапащІэ зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэм. Абы ипкъ иткІэ 2018 гъэм дунейм и цІыху 1-зэ къулей дыдэхэм я мылькур процент 12-кІэ бгъуащ, ауэ нэхъ къулейсызу дыдэхэм я хэхъуэхэр процент 11-кІэ ехуэхащ.

Африкэр яужь итщ

Къэхутэныгъэм нэгъуэщІ гъэщІэгъуэн Іэджи ущрохьлІэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, цІыху мелуани 105-рэ щыпсэу Эфиопием узышнагъэр хъумэныкІэ и бюджетыр хуэдищэкІэ (!) нэхъ мащІэщ дунейм и цІыху нэхъ къулей дыдэр Безос Джефф и мылъкум нэхърэ (доллар меларди 112-м щІегъу). Бразилием и нэхъ цІыху къулейхэм я процентри 10-м налогыу ятыр нэхъ мащІэщ абы щыпсэу нэхъ къулейсызхэм я процентри 10-м къабгъэдэкІым нэхърэ. Сахара пшаХуэщІым къегъэщІылІа къэралхэм я процент 37-м зэфэну псыр, процент 67-м электрокъарур къомэщІэкІ.

Къэрал куэдым я цІыхухэм щІэныгъэ тэмэм щызрагъэгъуэтыфыркъым, дохутырхэр щызыкІэлъагъэлъыфыркъым. Абыхэм ар щызыхуэзфІэкІыр къулейхэм я закъуэщ, къыщыгъэльэгъуащ къэхутэныгъэм. Апхуэдэ къэралхэм сабий куэд щолІэ. Къэхутэныгъэр езыгъэкІуэкІа компанием и унафэщІ Бьяннйма Винни жиІащ: «Дунейм и щІыпІэ псоми цІыхухэр щыгубжьащ. Правительствэхэм щытыкІэр зэрахъуэкІын хуейщ корпорацэхэмрэ цІыху къулейхэмрэ заХуагъэ зыхэлъ налог ятыныр зэфІагъэуэвэн икІи а ахъшэр узыншагъэр хъумэныкъым щІэныгъэ зэгъэгъэтыныкъым я Іэнатіэхэм хуаутІыпщым папщІэ».

«Мы компаниер Іуэхум и щытыкІэм быдэу щыгъуазэу пхужьыІэныкъым, ар псом япэу псапащІэ зэгухьэныгъэщ», - къыхигъэщхьэхуКІащ щІэныгъэлІ Любибимов Иван. Абы кьелъытэ нэхъ къулейсызу дыдэхэм ябгъэдэлъ мылькур зыхуэдизым зэрыщымыгъуаззэр къэхутэныгъэм и щыщІэныгъэ нэхъыщхьэр.

- ХуигъафащэкІэрэ Іуэхур зэфІекъэкІ. АрщхьэкІэ, пэжым ухуейм, щІэныгъэхутэ Іуэхущ Іапіэхэми къахьыр апхуэдэ бжыгъэхэрщ, - щІегъуж Любимовым.

Къапщтэмэ, ООН-м дунейм и къэрали 103-м, планетэм и цІыху псоми я процент 75-р щыпсэуми, щригъэкІуэкІа къэхутэныгъэм наІуэ къызэрищІамкІэ, абыхэм я процент 23,5-р куэлейсызу дыдэщ, мелуан 612-р факъырэщ. Дунейм и щІыналъэ нэхъ куэлейсызу дыдэщ Африкэм и Сахарэ пшаХуэщІым и илъэс 26-м я мылькур процент 58-р факъырэщ). Абы кІэлъокІуэ Азие Ипщэр (процент 31-р).

Дэнэ къыщежьэр зэхуэмыдэныгъэр?

Къулейхэм я мылькур зыхалъхьэр хэхъуэ нэхъыбэ кьезытыну Іэнатіэхэрщ. Любимов Иван жеІэ финанс щытыкІэр зыхуэдэр зрагъэщІэн папщІэ абыхэм ядэІэпыкъуну Іэщіагъэлілэр тыншу кьыхэзрагъуэтыр. Апхуэдэ щытыкІэкІэ я мылькур мыдрей цІыху къызэрыгуэкІхэм яІэрыхьэхэм нэхърэ нэхъ псынщІэу хохъуэ. Иужьрейхэм ялъыс щІагъуэ щыІэжьым, кьулейсызэ дыдэхэм я гугъу пщІымэ, ахъшэ яІэхэхэым. Зэхуэмыдэныгъэхэр нэхъри куу ящІ налогхэми. Къэрал куэдым щызекІуэркъым прогрессивнэ налогыр - нэгъуэщІу жыпІэмэ, и хэхъуэр нэхъыбэхэрэ ахъшэ нэхъыбэ къэралым щаІихьыркъым. Апхуэдэ щытыкІэ щыщІэщ зызыужьа къэралхэм я мызакъуэу нэхъ зызыужьахэм я деж. Псалъэм и хьэтыркІэ - США-м.

ССР-р лъэлъэжа иужькІэ Урысейми зэхуэмыдэныгъэр псынщІэу нэхъ куу хъуэ щыхуежьащ. 1985 гъэм нэхъ къулейхэм я зы процентым Іупэкъ хэхъуэм и процентри 4 къудей фІэкІа лъысу щымытамэ, 2007 гъэм а бжыгъэр процент 27-м нэсащ. АрщхьэкІэ 2016 гъэм зэхуэмыдэныгъэр тІэкІу нэхъ мащІэ хъуащ - нэхъ къулей дыдэхэм ябгъэдэлъыр хэхъуэ псоми я процент 20-рт. Москва къэрал университетым и профессор Зубаревич Наталье и псалъэхэм ятепщІыкІымэ, ар къызыхэкІар бюджетым ирипсу цІыхухэм я улахуэхэм хагъэхьэн зэрыщІадзарщ.

Хэт сымэ ахэр?

АтІэ хэт нэхъ мылъкушхуэ дыдэ зыбгъэдэлъ цІыхэм яхэхуэхэр? Нэхъ къулей дыдэ 26-м ящыщу 12-р США-м щыщщ. Бжьыпэр яІыгъщ Безос Джефф, Гейтс Билл, Баффет Уорен сымэ. Абыхэм псори зэхэту доллар меларди щиц ябгъэдэлъщ. Апхуэдэу 26-м яхэхуащ китайхэу 5. Пэжщ, КНР-м и цІыху нэхъ къулей дыдэ Хуатэн Ма иныгъыр 17-нэ увыпІэрщ (доллар мелард 45,3-рэ). Франджым щыщхэу меларди ябгъэдэлъ 12-р ящыщу 12-р США-м щыщщ. Бжьыпэр яІыгъщ Безос Джефф, Гейтс Билл, Баффет Уорен сымэ. Абыхэм псори зэхэту доллар меларди щиц ябгъэдэлъщ. Апхуэдэу 26-м яхэхуащ китайхэу 5. Пэжщ, КНР-м и цІыху нэхъ къулей дыдэ Хуатэн Ма иныгъыр 17-нэ увыпІэрщ (доллар мелард 45,3-рэ). Франджым щыщхэу меларди ябгъэдэлъ 12-р ящыщу. «Форбс» журналым Урысейм и цІыху нэхъ къулей дыдэу къыльытэ Лисин Владимир а гупым яхэткъым. АрщхьэкІэ 26-м яхэхуащ Урысейм икІыу США-м Іэпхъуэ Грин Сергей (13-нэ увыпІэ, доллар мелард 47,5-рэ). ГъэщІэгъэнщ нэхъ къулей дыдэхэм щыдагъэ Іэнатіэм пэрыт зы цІыху фІэкІа зэрахэмыхуар. Ар Индием щыщ Амбани Мукешщ (доллар мелард 40,1-рэ).

АрщхьэкІэ дяпэкІэ апхуэдэу кІуэмэ, Урысейм и олигархэри а гупым яхэхуэнкІэ хъунущ - ди деж псынщІэ дыдэу меларди рыбжьхэм я мылькум щыхохуэ.

● Хъуэхъу

Бэч Дисанэ Хьэсен и пхъум и ныбжьыр илъэс 18 ирокъу

Нобэ хуэдэу дунейр уи щІэщыгъуэу, узыхьхьэм уефІэкІыу, уи къэкІуэнур дахэу, уузыншэу, уи акъылыр жанрэ уи псэр кьабзэу упсэуну ди гуапэщ.Уи адэанэр уи пщІэмрэ щІыхьымрэ иригушхуэу, адыгэ пщащэм и щапхъэщ къыпхужаІэу гъащІэм гу щыпхуэну, насыпи инкІэ Тхъэр къыпхуэупсэну дыноХьэхъу.

Шурдымхэ, Бэчхэ, Хьэфыщіэхэ, Мэршэнкъулхэ, Уэртэнхэ, Исупхэ, Шыгъушхэ.

● Іэщэхэр

Хуэфащэ жэуап

США-м и ужькІэ Урысейми къызэтрегъэувыІэ Курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэф ракетэхэр гъэмэщІэным теухуауэ зэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм (ДРМ-СД) хэтыныр. Ар Президент Путин Владимир къыжигъэщащ УФ-м нэгъэсыІ къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министр Лавров Сергейрэ зыхъумэжныныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергейрэ щалъ-щІыгъ.

Илъэс 20 хъуауэ

Президентыр нэгъуэщІ къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министрым елъэІуауэ а зэгурыІуэныгъэм егъэщІылІауэ кьеклуэкІ псалъэмакъым и гугъу ящІыну.

- Дэ дыззрыщыгъуаззэмкІэ, пІалъэ гуэрми темыщІыхьа а зэгурыІуэныгъэр Штат Зэгъэхэм къызэпаудыж щІадзащ 1999 гъэм, цІыху имысу лъэтэ Іэмэпсымэхэр зэуэным хуэщІауэ ягъэнэхуу щрагъэжьам. Апхуэдэ Іэмэпсымэхэр зэгурыІуэныгъэм имыдэ ракетэхэм ещхьт, - итыжащ жэуап Лавровым. - ИтІанэ баллистическэ ракетэхэри ягъэнэхуу щІадзащ. 2014 гъэм ахэр Европэм къашэу хуежьащ. ИкІи а Іэмэпсымэхэр хуэхъэзырщ курыт жыжьагъкІэ лъэтэ «Томагавк» ракетэхэр ауТІыпщыным.

- Абы зэгурыІуэныгъэр занщІэу къызэпеуд, - пидзыжащ Путин Владимир.

- Мы зэманым апхуэдэ Іэмэпсымэхэр Румыниием щагъэуващ, итІанэ Польшэми, апхуэдэу Япониеми щыхагъуэшэну я мурадщ, - пищащ министрым. - Иджы жаІащ курыт жыжьагъкІэ лъэтэ ракетэхэр ящІу зэрыщІадзэнур.

Сыт щІэн хуейр?

- ЗыхъумэжныныгъэмкІэ министерствэр мы Іуэхум зэрелъым дыщыгъэгъуаззт, - зыхуигъэзащ Президентым Шойгу Сергей.

- Дэ абы и жэуапу дгъжьынухэм дегупсысащ, - къыхиГъэщхьэхуКІащ Шойгу Сергей.

- Ялэрауэ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щІэддзэн хуейщ. Мазэ гъунэгъу дыдэхэм яужь дихьэну ди мурадщ тенджызхэм щыдутІыпщ «Калибр» ракетэхэр щІы щхьэфэми щыдутІыпщыным хуэдэ Іуэныным. ЕтІуанэраз, мазкъым и хуабжьагъым нэхърэ куэдкІэ нэхъ псынщІэ ракетэхэу курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэфэр дгъэхьэзырын хуейщ.

- АбыкІэ сыарэзыщ, - диныгъаш Путин Владимир. - Ди жэуапыр США-м илэжьхэм сыт и лъэныкъэкІи пэхъуу щытын хуейщ. Американхэм жаІащ зэгурыІуэныгъэм кьыхэкІыжу. Дэри ар дыдэр дощІэ. Абыхэм жаІащ къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну. Дэри ар дыдэр тщІэнущ.

Ахъшэ хуаутІыпщым зихъуэжынукъым

Къэралым и Іэтащхьэм аргуэру къыхигъэбелджылыкІащ Урысейм Іэщэкіэ зыззщІэуэздэным зэрыздримыгъэхьэхынур. Ар лъэІуащ къэхутэныгъэхэр дзэ бюджетым щыгъэува пщащхьэхэм кІутІасэу ирагъэкІуэкІыну.

- Иужь илъэсхэм дэ дольагъу къыхэтлъхьэ жэрдэмхэр США-м зэрыдимыІыгъыр, - жиІащ Путиным.

- Абы къыхэкІыу сыныволльэу дяпэкІэ абыхэм зэпсэльэныгъэ гуэрхэр ядевгъэкІуэкІыну яужь фимытыну. Дыпэплъэщ, американхэм дэ къаркІэ дззэрыхуэдэр къагурыІуэу къыдэпсэльэн зэрыхуейр къащыгурыІуэну зэманым. Абы мыхьэнэшхэу иІэщ ди дежкІи, США-м и дежкІи, дуней псом и дежкІи.

Президентым щІигъажащ Урысейм курыт жыжьагъкІэ, нэхъ мащІэкІэ лъэтэф ракетэхэр Европэм дунейм и нэгъуэщІ щІыпІэхэми зэрыщыхимигъуэшэнур. Дауи, а щІыналъэхэм США-м щащІа ракетэхэр къыщыщыхутэхукІэ.

● Ливан

Ливаным и щыхьэр Бейрут дунейм и нэхъ пасэрей дыдэ къалэхэм ящыщщ. Абы илъэс мини 5 нэхърэ мынэхъ мащІэ и ныбжьщ. 2015 гъэм ар «Дунейм и нэхъ телъыдыдэ» къалъыта къалэхэм хабжащ. Мыбы лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщхэу щыпхъэр щопсэу, абыхэм адыгэхэри яхэту.

Бейрут бзыльх хуэд хэта къалэщ: граждан зауэр игъэващ, арщхьэкІэ лъэ быдэкІэ къызэрІэувэжыфащ. Нобэ Бейрут дунейм и щыпІэ зэмылІэужьыгъуэ дыдэхэм икІа зыпІлъыкІуэхэр щопэкІу, езыр зэманым дэщІэращІэ зэпытщ.

● Гъэсэныпхъэхэр

Урысейм щынэхъ пудщ

«ХъыбарыщІэхэр» агентствэм и Іэщіагъэлілэм зрагъэщІащ европей къэрал 33-мрэ Къэзахстанымрэ гъэсныпхъэхэм щауасэр. Пщалъэу къащтащ 95-нэ бензин литрым цІыхухэм сомкІэ щІатыр.

ГъэСЭНЫПХЪЭ нэхъ пудымкІэ Къэзахстанырц, ящэ увыпІэр зыубдар. Мыбы АИ-95 бензин литрым щиуасэр сом 30,9-щ. Урысейр етІуанэщ - 45-рэ. Гъэсныпхъэр тІэкІу щынэхъ лъапІэщ белорусхэм я деж - сом 46,9-рэ.

Урысей ахъшэм тещыхьауэ бензиныр Европэм и къэралхэм ящыщу щынэхъ лъапІэщ Нидерландэм - зы литрым сомри 117,7-рэ щиуасэщ. Абыхэм къаэрыкІырыху щыІэхьым Норвегиер, Даниер, Италиер, Грециер. А къэралхэм а бжыгъэ сомри 112-м щыщІегъу.

Апхуэдэ зэгъэпщэныгъэхэр нэхъапэкІи щрагъэкІуэкІауэ щытащ. Абы щыгъуэм Урысейм епщыкІуэзанэ увыпІэр иубыдат. Бензиныр щынэхъ пуду къыщІэкІащ Венесуэлэм, Сауд Хъэрэпым, Ираным. КІэщІу жыпІэмэ, щІыдагъэ куэду здэщыІэ къэралхэм. Урысейри, псори дыззрыщыгъуаззщи, яхэтщ «дыщэ фІыцІэ» хъуэзу къыщыщІащ къэралхэм. АрщхьэкІэ...

Мыпхуэдэ упщІи къыкъуэмыкІынкІэ Іэмал иІэкъым: улахуэхэр зыхуэдизыр. НаІуэу зэрыщыстщи, ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа къэралхэмрэ ди дежрэ ахэр егъэлеяуэ щызэщхьэщокІ. Аращи, сыт хуэдэ зэгъэпщэныгъэми Іуэхум и щытыкІэр тэмэму къыгъэльэгъуэфыныкъым, а зэщхьэщыкІыныгъэр къамылъытэмэ. Мыри щыдгъэжьащ: мазэм щІигъуэгъэ Франджым щокІуэкІ правительствэм и бий пэкІуэкр. Абыхэм хэтхэм нэхъыбэу ягу темыхуэхэм ящыщу бензиныр зэрыльпІэри. Пэжу, а къэралым и президент Макрон Эммануэль кьегъэгугъэ мы Іуэхум теухуауи псори арэзы зытехъуэну зэкІыпІэ къигъэтыну...

● Къаугъэ

Апхуэдэ цІэрыІуагъэ дыхуейкъым

Дэ дрогушхуэ дунейм и нэхъ пъэпкъыжь дыдэхэм хабжэ адыгэхэм дззрыщыщым. Сыт щыгъуи ди гум йохуэбылІэ ди щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ гъащІэм и лъагапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыиэсыфым теухуа хьыбархэр. АрщхьэкІэ зы тхьэмахуэ хьауэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм къатхэр хуабжьу ди жагъуэ хъуащ. Къэрэшей-Шэрджэсым и щІэкІэ Федерацэмкіэ и Советым хэт Арэшыкъуэ Рауф зэщІэгъэуІуа щІэпхъаджагъэхэм хэтауэ ягъэхуанэ. Мы зэманым абы къэрал псом щытопсэлъыхь. Ауэ апхуэдэ цІэрыІуагъэр ди дежкІэ удыныншхуэщ.

АРЭШЫКЪУЭР яубыдащ ищхьэ палатэм и зи чэзу зэІуцІэм щІысу. Ар ягъэхъуанщэ цІыхухэр иригъэкІауэ, сом мелардхэр зриІьэфэлІауэ, нэгъуэщІ хьэдэгъуэдахэхэри зэхищІыхьауэ. Зэкіэ къыззрахутамкІэ, Арэшыкъуэхэ унэхэр е фэтэр зэпэщхэр Урысейм и къалэ 11-м щаІэт. Езыхэм ахъшэр зэрабжьыр... килограммхэмкІэт. Дыщэ гъэжахэр я куэдт. Рауф школри Ставрополь и университетым и юрфакри «къарзынэу» къыиуащ, ауэ и курсэгъуэхэм ящІэжьыкъым ар зы лекци щІэсауэ. Къаугъэ Советым и депутатри щытащ, ауэ абыи зэи щалъэгъуакъым. Министр къулыкъури, КЪШР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Іэнатіэри ирихьэкІащ. Апхуэдэурэ Къазанокъуэхэрэ Дерхэрэ яужькІэ Арэшыкъуэм сенатор къулыкъу Іэрыхьащ.

Рауф хуэзэу ягъэтІысащ абы и адэ Раули. Абы Ставрополь крайм газ щызэхидыгъуэуз ягъэхъуанщэ. ГъэщІэгъуэнщ, ауэ Рауф следователым жриІащ урысыбзэр фІыуэ имыщІэу, абы гугъу дехьу. Иджы куэд, щІоугъуащІэ: урысыбзэр гъэхуауэ ящІамэ, зэрыщыту Урысейм имышхьиу пІэрэт? Ауанщ, дауи. АрщхьэкІэ абыи уемыгупсысу къанэрэкъым.

АтІэ, апхуэдизу мылъку Арэшыкъуэхэ яшхьхуКІэ, апхуэдизу щІапхъаджагъэ зэхащІыхьыхуКІэ дэнэ здэщыІар хабзэхъуэмэхэр, кІэлъыплъакІуэ-къэпщІакІуэ бжыгъэнщэхэр. Иджы зыкъащІэжащ. Москва и Басман судым зэкІэ мазитКІэ иргъэтІысащ «Есэнтіыгу - кьалэ газ» АО-м и унафэщІ Кагъэ Алан. Хабзэхъуэмэхэм я щрыжаІэмкІэ, ар щІэпхъаджагъэхэм зэрыхэпщІам щыхьэт тохъуэ куэд.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Арэшыкъуэхэ я Іуэхум егъэщІылІауэ апхуэдизу ягъэтІысащ «Газпром газ зыгуэш-Ставрополь» АО-м и унафэщІым и къуэдзэ Романов Николай, «Газпром Межрегионгаз-Ставрополь» ООО-м и кІудамэм и Іэтащхьэ Хьэщыкъуэй Гъузер, «Газпром газ зыгуэш-Астрахань» АО-мрэ «Газпром Межрегионгаз-Астрахань» ООО-мрэ я унафэщІ Арэшыкъуэ Руслан (сенаторым и адэ къуэшым и къуэ), «Газпром Межрегионгаз-Ставрополь» ООО-м и Іэтащхьэ Травинов Игорь сымэ.

Газетхэм зэрятхымкІэ, къэхуа къаугъэм лъэпкъ Іуэху гуэри хэткъым. Мыбы нэхъ къулыкъушхуэхэр сыт щыгъуи щызэпэгугъащ. Республикэм и Іэтащхьэр зэхэрэшейщ. А лъэпкъым щыщхэр КъШР-м щыпсэуэхэм я процент 41-рэ мэхъу, Премьер-министрыр щэрджэсщ (процент 12), щЫпІэ парламентым и спикерыр урысщ (процент 31-рэ). Щэрджэсхэмрэ къэрэшейхэмрэ сенатор къулыкъуитІ къальос. Араща, зым и къулыкъуи адрейм ивубыдыркъым.

Арэшыкъуэр ягъэтІысащ иужь, Урысейм щрахьэжьащ къулыкъухэм пэрагъэхьэхэр сыт и лъэныкъэкІи ещпщІэным теухуа псалъэмакъыр. Ауэ иджыри къэс абы щхьэ емыгупсысарэ?

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

«Махэуким» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Футбол

«Шагъдийр» къызэтезыгъэувыІэфын щыІэу пІэрэ?

Зеикъуэ и «Шагъдийм» мы гъэр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым зыри къыщыщІэлъэщыщыркъым. Иужь джэгуГуэныкъым ар тхуэнейрэ и хьэрхуэрэгъуэм щефІэкІащ, зэм зэрыщытегъэкІуакъым.

ЗИ ГУГЪУ тщІы лъэхъэнэм «Шагъдийм» ефІэкІ бжыгъэхэр къэзыгъэлъэгъуащ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр быдэу щызыІыгъ Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и закъуэщ. Ар мы гъэм зыздэжэгуа псоми ятекІуащ.

Щбэт кІуэм «Шагъдийм» хигъэщІащ жэз медалхэм еуэрыну щІэбэн Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэр. Иджы зеикъуэдэсхэри яхьыкъщ ещанэ увыпІэм щІэбэнхэм. Мазэрэ ныкъуэрэ ипэкІэ ар къызыщыщбгъэхъуну хуабжьу гугъут.

«Автозапчасть»-р дыщэм хуэзышэ гъуэгум къызэрытемыкІынур аргуэру псоми наІуэ ящищІащ. Пэжщ, иджы абы къыпэщІэтар зэхьэзэхуэм къыщыкІэрыхуэхэм къахэмыкІыжыфІ Шэрджэм и «Альянс»-ращ.

Дыжьын медалхэм нэхъ пэгъунэгъу хъуащ «Спартак-Налшык-д»-р. Ар очко-итхукІэ ящхьэщыкІащ гупышхуэ зэрыгъэхьауэ къыкІэльэлъэ «Шагъдийм» щыщ Бэлагъы Руслан.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым иужьу щыщІэхэта джэгуГуэным кьрикІуа бжыгъэхэм: «Бабугент» (Баубугент) - «Велес» (Къэрэгъэш) - 1:2, «ХьэтІохьущыкъуей» (ХьэтІохьущыкъуей) - «Малка» (Малкэ) - 0:2, «Альянс» (Шэрджэм) - «Автозапчасть» (Бахъсэн) - 0:2, «КъБКъУ» (Налшык) - «Шагъдий» (Зеикъуэ) - 0:2, «Союз» (Сэрмакъ) - «Кэнжэ» (Кэнжэ) - 3:2, «ГорИС-179 РусГидро» (Бабугент) - «Мурбек» (Налшык) - 2:2, «Спартак-Налшык-д» (Налшык) - «КъБКъМУ» (Налшык) - 1:0, «Керт» (Къэхъун) - «Спартак-Налшык-н» (Налшык) - 4:1.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2018/2019 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	11	9	2	0	29-5	29
2. «Спартак-Налшык-д»	11	7	3	1	17-8	24
3. «Велес»	11	6	1	4	20-14	19
4. «Шагъдий»	11	6	1	4	23-18	19
5. «КъБКъУ»	11	6	1	4	16-14	19
6. «Мурбек»	11	5	4	2	23-10	19
7. «ГорИс-179 РусГидро»	11	5	4	2	20-19	19
8. «Союз»	11	5	2	4	20-18	17
9. «Кэнжэ»	11	5	2	4	18-12	17
10. «ХьэтІохьущыкъуей»	11	5	1	5	21-19	16
11. «Малка»	11	4	2	5	10-13	14
12. «Керт»	11	3	3	5	14-18	12
13.